ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№103 (23.261) • 2016 гъэм накъыгъэм (майм) и 31, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьным, спортсменхэр гъэхьэзырыным къаруушхуэ зэрырахьэлIам икIи спортым ехьулIэныгъэ инхэр зэрыщаIэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Биджиев Хьэсэнбий Эдуард и къуэм - «Спартак-Налшык» профессионалнэ футбол клубым и гъэсакIуэ нэхъыщхьэм

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр афIэщын

Бажэ Амир Хьэутий и къуэм - «Спартак-Налшык» профессионалнэ футбол клубым и командэм и капитаным

Дроздов Юрий Алексей и къуэм - «Спартак-Налшык» профессионалнэ футбол клубым и гъэсакIуэ нэхъыжьым

Кращенкэ Сергей Владимир и къуэм - «Спартак-Налшык» профессионалнэ футбол клубым и гъащхьэхъумэхэм я гъэсакIуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іэтащхьэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм накъыгъэм и 24-м
№60-УГ

Мылъкум кIэлъыплъ Іуэхущ Іапі э

• Юбилей

УФ-м и Федералнэ казначействэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 зэрыри-къум теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэ накъы-гъэм и 28-м Налшык щекIуэкIащ.

КЪЫIЗЭХУЭСАХЭМ хъурэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Іэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, Федералнэ казначействэм и унафэщI **Артюхин Роман**, щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэ **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ, нэгъуэщIхэми. Зэхьихьэм зыкъзрезыгъэхьэлIа хьэщIэхэм яхэтащ Урысей Федерацэм хиубыдэ щIыналъэхэм ящыщу 20-м щIигъум къикIахэри.

- Нобэрей гуфIэгъуэр къыддэзыгъэшу республикэм и къалащхьэ Налшык къытхуеблэгъа псоми фIэхъус гуапэ фыдох! УФ-м и Федералнэ казначействэм и зэфIэувэкIэр, и теплъэкIи зыхуэдамкIи, ещхьщ ди къэралым и экономикэм иужьрей илъэсхэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэм. Къызэрыунэхурэ куэд дыдэ дэмыкIами, ар уващ къэрал мылъкум финансэ кIэлъыплъныгъэ щрэзыгъэкIуэкI Іуэхущ Іапі э нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ. Казначействэм щылажьэ Іэщ Іагъэлі хэм щыгъуазэ зыхуащI бюджетым и хэхъуэ-хэщIыр зыхуэдизми, ар здагъакIуэми, къэрал мылъкур зэгъэзэхуа зэрыхъу щIыкIэми. Фи управленэр экономикэм и иджырей гугъуехьхэр къызэнэкIыным хуэлажьэ Іуэхущ Іапі э нэхъ пажэхэм хабжэ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий, къызэхуэсахэм защыхуигъазэм. - Си фIэщ мэхъу, Іэзагъэмрэ технологием и иджырей унэтIыныгъэщIэхэмрэ щIэгъэкъуэн зыхуэхъу фэ, зыхуэвгъэувыж къалэнхэм дяпэкIи фаззэрыпэлъэщынур. Федералнэ казначействэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 20 ирокъури, абы щылажьэхэм сыныво-хъуэхъу фи Іуэхущ Іафэхэм дяпэкIи фыщехъулIэну!

УФ-м и Федералнэ казначействэм и унафэщI Артюхин Роман и къэпсэльныгъэм къыхигъэщащ, езыр зи пашэ Іуэхущ Іапі э къэралым и экономикэр щытыкIэ гугъум къизышыфынухэм зэращыщыр, зыхуагъэувыж къалэнхэр гъэзэщIэным хуэхэ Іэмалхэм щIэныгъэр я лъабжьэу зэрыщытыр, хабзэм тету Іуэху къезыгъэжьхэм зыщIагъэкъуэну зэрыхьэзырыр, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIа, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудзэ Жанатаев Сэлим щIыналъэ къудамэм и Іэщ Іагъэлі хэм ящыщу, илъэс куэд хъуауэ зи Іэнатіэм хьэлэлу бгъэдэхэм, лэжьыгъэм нэхъ къыщыхэжаныкIахэм «КъБР-м щIыхь зиIэ и экономист» цIэ льапIэр зэрыхуагъэфэщам щыхьэт текъуэ зыгъэкIуэн яритыжащ.

ЩIыпIэ къудамэм и унафэщI Ахъуэхъу Таймураз къыщыпсалъэм къыхигъэщащ УФ-м и Федералнэ казначействэр лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэн чэнджащ-хэмрэ мылъкукIэ къазэрыдэIэпыкIыр, КъБР-м и унафэщIхэр къапэрымыуэу щIэгъэкъуэн къаззэрыхуэхъу, абы папщIи лъэныкъуитIми фIыщIэ яхуищIащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Мэшбащ Іэ Исхьэкъ хуэгъэзауэ

Тхакіуэ, жылагъуэ лэжьакіуэ цІэрыІуэм йохъуэхъу КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

«Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым я цIыхубэ тхакIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Мэшбащ Іэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм си гуапэу сохъуэхъу илъэс 85-рэ зэрырикъуамкIэ.

КъызыхэкIа лъэпкъым и къуэ пэж Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм къыпхузымыльытэным хуэдизу лэжьыгъэшхуэ зэфIегъэкI ди къэрал иным ис лъэпкъ псоми яку дэлъ зэпыщIэныгъэфIэхэр гъэбыдэнымрэ абыхэм зегъэужьнымрэ яхуэгъэзауэ. Илъэс куэд ипэкIэ, 1953 гъэм, къыдэкIауэ щыта «Къаруушхуэ зыбгъэдэлъ цIыхухэр» абы и ипэ тхыльым адыгэ литературэм хуэфащэн увыпIэ щиубыдащ. Абы иужь лъандэрэ тхакIуэ Іэзэм и Іэдакъэ къыщIэкIащ ди хэкуми нэгъуэщI къэралхэми яхуэфэщэн пщIэ щызыгъуэта тхыгъэу пщIы бжыгъэхэр. Адыгэ литературэми Урысейм щыпсэу адрей лъэпкъ куэдхэм я литературэми зегъэужьнымкIэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм зэфIегъэкIар къыпхуэмыльытэным хуэдизу инщ. Илъэс 50-м щIигъуэу ар зэхъуэкI хэмыту мэлажьэ Адыгейм и Тхакіуэхэм я союзым и тхьэмадэу.

ЦIыхубэм хуэфащэ пщIэ хуащIащ Урысейм и Жылагъуэ палатэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Нэхъыжьхэм я советым хэту абы жьыдэжру иригъэкIуэкIа жылагъуэ лэжьыгъэм. Адыгэхэр ирогушхуэ лъэпкъым и къуэ гъуэзэджэм и ехьулIэныгъэхэм.

ГъащIэм кууэ зэрыщыгъуаз эм, жылагъуэ-политикэ Іуэхуэхэр къызэрыгурыIуэм къыхэкIыу абы зэманым къыдэкIуэ гугъуехь нэхъ ин быдэхэри тэмэму зэхегъэкIыф.

Мэшбащ Іэ Исхьэкъ ноби жьыдэжрщ, ефIэкIуэныгъэм, Урысейм и лъэпкъым я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным толажьэ.

Сохъуэхъуэ абы узыншагъэ, ефIэкIуэныгъэ иIэну, творческэ лэжьыгъэшхуэр иджыри илъэс куэдкIэ иригъэкIуэкIыну».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

• Хъыбар гуапэ

Урысейм щынэхъ лъэщ Урыш Анзор

Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионатыр Якутск къалэм щызэфIэкIащ. Абы и япэ махуэм дыщэ медалыр къыщызыхьа Джэду Іэниуар зыкъыкIэригъэхуакъым Урыш Анзор.

КИЛОГРАММ 86-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм къыщыпсэлъащ къыхэкIакъым Европэм Іэунейрэ и чемпион Урыш Анзор. КIэух зэIущIэми ар щефIэкIащ Красноярск крайм щыщ Зеленков Александр.

Нэхъ пасэIуэу игъуэта фэбжьым и зэранкIэ Урышыр иужьрей илъэситIым куэдрэ утыку ихьакъым. АрщхьэкIэ Урысейм и чемпионатым ирихьэлIэу и къарур зэрыубыдыжат икIи псоми налуэ ящищIащ килограмм 86-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж къыпхэхъун зэрыщымыIэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэралым и чемпион цIэр зыIэригъэхьа пэтми, Урыш Анзор Рио-де-Жанейрэ кIуэнухэм хабжакъым.

- Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и тренерхэм пасэу унафэ кьащтащ килограмм 86-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм хэтыну Садулаев Абдулрашид Олимп Джэгухэм кIуэну. Нэхъапэм апхуэдэ зэи срихьэлIакъым, - жиIащ Урыш Анзор къэралым и чемпионатым и дыщэ медалхэр кьрата иужькIэ. - Иджыри къэс зэрыщытар Олимпиадэм и пэ хъихуэ зэхьэзэхуэхэм щытекIуэхэр абы ягъакIуэут.

И лъэхэгъуэ щIалэм дэщIыну Якутск къалэм къэнат абы ипэ махуэм Урысейм и чемпион хуэда Джэду Іэниуар. Урышыр зэрытекIуам ар, дауи, икъукIэ щыгугфIыкIащ.

- Іэниуаррэ сэрэ дызэныбжьыгъущ икIи зыр адрейм хуабжьу дыдоIэпыкъу, - къыхигъэщащ Анзор. - СыщIохъуэпс Бразилием щекIуэкIыну гъэмахуэ Олимпиадэм дыщэ медалыр иIыгъыу ар къикIыжыну.

ЖЬIЛАСЭ Заурбэч.

«Урысей зэкъуэтым» пэублэ Іэ Іэтыр зэрыщекIуэкIар хэIущIыIу ящI

Накъыгъэм и 22-м екIуэкIа пэублэ Іэ Іэтым кърикIуахэр къыпщытэжащ «Урысей зэкъуэтым» и ЦИК-м и къызэгъэпэщакIуэ комитетым. Абы иригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщагъэлъэгъуа бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, псори зэхэту къэралым Іэ щызыІэтахэм я бжыгъэр цIыху мелуани 10-рэ мин 520-м ноблагъэ е хэхакIуэ псоми я процентри 9,6-рэ мэхъу.

«УРЫСЕЙ зэкъуэтым» и жиIащ хэхыпIэ округэм бжыпэр щызыубыда цIыху 225-м ящыщу 74-р Къэрал Думэм и депутату Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкIа Іэ Іэтым кърикIуахэр: УФ-м и Федералнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэу Щхьэгуэш Адэлбий папщIэ процент 57,19-м, Геккиев Заур папщIэ процент 55,93-м Іэ яIэтащ. Ещанэ увыпIэр иубыдащ Марьяш Иринэ (процент 54,85-рэ).

ПЕЧОНОВ Владилен.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфIагъэкI лэжьапIэншэхэр гъэмэщIэным хуэгъэза зыхуэфащэ Іуэхухэр

Ди деж щагъэзащIэ «2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыхуэхэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщыныр» къэрал программэр. Абы хуэгъэзауэ зэфIагъэкIыну Іуэхуэхэм сом мелуан 357,9-рэ трагъэкIуэдэнущ. А ахъшэм щыщу сом мелуан 214,8-р федералнэ бюджетым, сом мелуани 143,1-р республикэ бюджетым къыхэкIынущ.

ЦIыхухэр лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ органхэм я дэлэпыкъуныгъэкIэ 2016 гъэр къызэрыунэхурэ Іэнатіэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхуагъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм ящыщу 1200-м, абыхэм ныкъуэдыкъуэу 66-рэ яхэту.

2015 гъэм кърикIуахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Кавказ Ищхьэрэ федералнэ округым и субъектхэм ящыщу лэжьапIэншэхэр щынэхъ мащIэщ Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

НОБЭ

♦Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей адвокатурэм и махуэщ

♦Урысейм и МВД-м балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ и къудамэхэм я махуэщ

♦Тырхумэным щагъэлъапіэ я алэрыбгъум и махуэр

♦1223 гъэм урысхэмрэ тэтэрмонголыдзэмрэ Калкэ псым деж ялэу щызэзауащ.

♦1708 гъэм Пушкин къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1710 гъэм урыс азбукэщIэр, Пётр Езанэр зыхэлэжьыхьыжар, Іуэхущ Іапі э псоми къащагъэсэбэпын хуейуэ унафэ къащтащ.

♦1891 гъэм Транссибыр гъущI гъуэгур ухуэн щIадзащ.

♦1911 гъэм «Титаник» кхъухь цIэрыIуэр ялэу псым техьащ. А зэманым дунейм щынэхъ ин дыдэу кьалъыта кхъухьэр зэрауатIыпщым яфIэтельджэу кIэлъыплъат цIыху мини 100-м щIигъу. Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, 1912 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м, я ипэ рейсыр щигъэзащIэм мыл абрагъуэм жьэхэуэри, Атлантикэ хым щыщIильэфауэ щытащ ар.

♦1918 гъэм Совет Урысейм унафэ кьащащтащ щIалэ цIыкIуэхэмрэ хъыджэбэ цIыкIуэхэмрэ зэгъусэу егъэджэным теухуауэ.

♦1946 гъэм Лондон и Хитроу аэропортыр къызэIуахащ.

♦1961 гъэм Инджылызым къыхэкIри, Африкэ Ищхьэ Республикэм щхьэхуитыныгъэ игъэтащ.

♦1990 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэр - «Урысейм и ЩIалэгъуалэм я зэгухьэныгъэр».

♦Совет тхакIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м гъэзэджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Лениным, Сталиным, СССР-м и Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфащэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Леонов Леонид** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущIэ, контр-адмирал **Тхьэгъэпсо Мэжид** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Актёр, кинорежиссёр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Бурков Георгий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щIыхь зиIэ и экономист, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIу щыта **Чеченов Ануар** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Хэрэджыкъуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артист **Кузьмин Владимир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Къарэнашэ Іэминат** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур «pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр текъэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 – 22-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

«Урысейр тутын Іугъуэм къедвгъэзэл!»

• Гу зылъытапхъэ

Мы махуэхэм УФ-м щокIуэкI «Урысейр тутын Іугъуэм къедвгъэзэл!» урысейпсо Іуэхур. Абы и къызэгъэпэщакIуэщ «Медицинэ лэжьакIуэ-волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэр, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм узыншагъэм кIэлъыплъынымкIэ и центрыр. Урысейпсо Іуэхум хьыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрри. Мы гъэм волонтёрхэм яхэтщ КъБР-м щыщу медицинэм хуэдиж студентхэр. «Медицинэ лэжьакIуэ-волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Савчук Павел иджыблагъэ ди студентхэм зыхуагъэзащ, зэгухьэныгъэм и щыналъэ штаб КъБКъУ-м медицинэмкIэ и колледжым къыщызэрагъэпэщыну жэрдэм къыхалъхьэу. Ар ди щIалэгъуалэм къыддIыгъащ икIи штабым и унафэщI ящIащ медколледжым и студент Щоджэн Уэсмэн.

НАКЪЫГЪЭМ и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкIащ «Урысейр тутын Іугъуэм къедвгъэзэл!» проектым хьихэ Іуэхугъуэхэр. Медицинэмкіэ колледжым къыщызэрагъэпэщащ щIалэгъуалэр тутыным демыгъэхьэным теухуа «стол хъурейр». Абы хэтащ медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я лэжьакIуэхэр, Урысейпсо цIыхубэ фронтым хэтхэр. А махуэм «Медицинэ лэжьакIуэ-волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм ялъэ уэрамхэм щагуэшащ тутыным зэрыныгъэу къишэхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэрыт листовкэхэр. КъБКъУ-мрэ Налшык и уэрамхэмрэ щрагъэкIуэкIащ щIалэгъуалэр тутыным зэрыхуэщытыр кьыщащIа социологие щIэупщIэныгъэхэр. А Іуэхум хэтащ цIыху 700-м нэблагъэ. Ар зэрекIуэкIым кIэлъыплъащ «Медицинэ лэжьакIуэ-волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм ялъэ уэрамхэм щагуэшащ тутыным зэрыныгъэу къишэхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэрыт листовкэхэр. КъБКъУ-мрэ Налшык и уэрамхэмрэ щрагъэкIуэкIащ щIалэгъуалэр тутыным зэрыхуэщытыр кьыщащIа социологие щIэупщIэныгъэхэр. А Іуэхум хэтащ цIыху 700-м нэблагъэ. Ар зэрекIуэкIым кIэлъыплъащ «Медицинэ лэжьакIуэ-волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм ялъэ уэрамхэм щагуэшащ тутыным зэрыныгъэу къишэхэм ятеухуа тхыгъэхэр зэрыт листовкэхэр. Тутын емыфэным и дунейпсо махуэм теухуа «Тутыным и пIэкIэ - мыIэрысэ» Іуэхурэ. Іуэхур зи жэрдэмыр КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэщ. Ар щекIуэкIынущ «ДЕЯ» сату щIыпIэм. Абы хэтынущ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм узыншагъэм кIэлъыплъынымкIэ и центрым, «Медицинэ лэжьакIуэ-волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ штабым я лIыкIуэхэр. Іуэхур къызэрэпэщынымкIэ дзэIэпыкъуэгъу яхуохьу КъБР-м Мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министерствэр.

Сыхьэт 11-м щегъэжьауэ сату щы пIэм щылэжьэнущ узыр псынщIэу къэзыхутэхэр. Дохутырхэм спирометрие Іэмалымкіэ кьахуэпщытэнущ цIыху тутынафэм и тхьэмбылыр зыхуэздэр. Ахэр тепсэлъыхьынущ тутын ефэным кIишэнкIэ хъуну инсулт, инфаркт, лышх узыфэхэм.

Тутыныр хьифIегъэдзэнымкIэ дзIэпыкъуэгъу хъунущ наркологэр. Абы папщIэ Іуэхум хэтхэм гурагъэІуэнущ «НЕКУРЮ» телефон программэм зэрыригъуэзэнур. Дэтхэнэми тутыным и пIэкIэ мыIэрысэ иратынущ.

«Медицинэ лэжьакIуэ-волонтёрхэр» - Урысейм узыншагъэр хъумэнымкIэ и Іэнатіэм щылажьэ волонтёрхэм я нэхъ зэгухьэныгъэшхуэ дыдэщ. Къэралым и щIыналъэ куэдым щыIэ волонтёр мин бжыгъэхэм махуэ кьэс ирагъэкIуэкI медицинэм хуэдиж студентхэм я зэфIэкIым хагъэхъуэным сэбэп хуэхъу лэжьыгъэхэр. Зэгухьэныгъэм и волонтёру щытыфынущ медицинэм хуэдиж зи ныбжьыр илъэс 16-м щIигъуэхэр.

ГЪУЭТ Синэ.

• Футбол

«Спартак-Налшык» - «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - 3:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ищхьэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ дыгъуасэ Налшык щызэхэта зэIущIэм апхуэдэ бжыгъэ кърикIуащ. Ди щIалэхэм ящыщу топхэр дагъэкIащ Мурачёв Олег, Ахриев Хьэсэн, Гугуев Магомед сымэ.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ я зэIущIэр зэрекIуэкIамрэ зи чэзу джэгугъуэм и ужькIэ турнир таблицэм игъуэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бэлэрыгъым гъатхэр хуэлъэщ.

● Къэрал Думэ: 1906 - 2016

Депутатхэмрэ еджакІуэхэмрэ зопсалъэ

Урысейм и Къэрал Думэр илъэси 110-рэ зэрырикъум теухуауэ щытащ Экономикэмрэ хабзэмрэ щыхурагъаджэу Белгород дэт университетым и къудамэу Налшык щыІэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэр. Еджакіуэхэм яхуэзащ КЪБР-м и Парламентым и депутат, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и комитетым хэт Нэрэрэн Беслъэн, Щіалэгъуалэ палатэм и унафэщІ Шестирублёв Сергей, щІалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэныкІэ комиссэм и унафэщІ Молей Мухьэмэдхан сымэ.

ЕДЖАПІЭ нэхъыщхьэм и студсоветым хэт Созаевэ Лейлэ зэІущІэр кьызэІуихащ Урысейм и парламентаризмэм зэрызиужьам теухуа псалъэкІэ.

Депутатхэр едэІуащ еджакІуэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм: егъэджэныгъэр зэребгъэфІакІуэ хъуну щыкІэм, хэхьныгъэхэм ехьэлІауэ щыхуэхэм я хуитыныгъэхэр зыхуэдэм, студсоветхэм зэрызебгъэуэныфынум, щІалэгъуалэр утыку нэхъ ин зэрихьэфыну Іэмалхэм, нэгъуэщІхэми.

Нэзрэн Беслъэн къыхигъэщащ щІэныгъэ нэхъыщхьэ езыт сыт хуэдэ еджапІэми и пщІэр иригъаджэну кьищтэхэм зэрахуэсакъым, абыхэм ІэнатІэ ягъуэтын хуэдэу щІэныгъэ зэрариты зэрелъытар. Нэзрэн Беслъэн жиІащ районхэр ІэщіагъэлІхэм зэрыхуэныкъуэр, абы лэжьын къыщыщІэбдзэныр зэрымыІейр. «Дэри дыкъыщыхъуар унагъуэ кьыззэрыгуэкІщ, хуэмурэ ди щІэныгъэм хэдгъахъуэрэ зэфІэкІ гуэр диІэ хуауэ аращ. Нэхъыщхьэр умыщхьэхыу, утемызашэу щІэныгъэрэ Іэщіагъэрэ зэрызэбгъэуэныным яужь уитынырщ», - жиІащ Нэзрэным.

Зэ1ущІэм къыщыхагъащащ Экономикэмрэ хабзэмрэ щыхурагъаджэу Белгород дэт университетым и къудамэу Налшык щыІэм и студентиплІым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и цІэкІэ щыІэ стипендиер мы гъэм къыззрахьыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Гъэунэхуныгъэм пхыкІащ

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыІухуэм кадастр инженерыр и аттестатыр етыным теухуауэ мазиплІ кІуам зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ.

КАДАСТР инженерхэр аттестацэ щІыныкІэ комиссэм и секретарь Иуан Тимур зэрыжиІамкІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнес-инкубатор» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм мы гъэм щрагъэкІуэкІа, кадастр инженерхэм я квалификацІэ экзаменхэм щІыху 22-рэ хэтати, 7-р къэпщытэныгъэм пэлъэщащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ щІыхуищкІэ нэхъыбэщ. Илъэс кІуам щыІыху 40-м ящыщу 19-м аттестатыр иратыжащ.

КвалификацІэ экзаменыр зэрекІуэкІ илъэситхум кьриубыдэу щІыху 540-рэ къэпщытэныгъэм хэтати, гъэунэхуныгъэм пхыкІа 258-м кадастр инженерым и аттестатыр иратыжащ.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, «ЯмыгъэІэпхъэуэ мылъкум и къэрал кадастрым и Іуэхуэкіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ, 2011 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ кадастр лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІыну хуитыр кадастр инженерым и квалификацІэ аттестат зиІэ щІыхуэхрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал властым и гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и уполномоченнэу щагъэувар республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэрщ, «ЩІы кадастр палатэ» ФГУ-м щыщхэмрэ а Іуэхумкіэ зи лэжьыгъэр зыубзыхуэр организацэм и лІыкІуипІрэ.

Кадастр инженерым и квалификацІэ аттестат хуей псоми я тхьилъхэр Іах. Фызыхуей хьыбархэр министерствэм и http://www.economykbr.ru официальнэ сайтымрэ Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и http://www.to07.rosreestr.ru сайтымрэ къыщыцІыгъуэтынущ.

Телефоныр: 8(8662) 40-85-57.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

2016 гъэм Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм щыщыІэну лъэхъэнэм зыхуэзгъэхьэзырынымрэ ар зэщІэгъэуІуауэ егъэкІуэкІынымкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм накъыгъэм и 6-м ***Налшык къалэ*** ***№77-ПП***

Республикэм и хозяйствэхэм Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм щыщыІэну лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырын, Іэщхэкіыу кьалэжьым хагъэхъуэн, къущхьэхъу хъупІэхэмрэ къуаджэхэм къедза хъупІэхэмрэ зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпын папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым Іуэхум егъэщІылІа и гъэзэщІакІуэ органхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм, зи мылъку щытым емылъытауэ - мэкъумэш продукцІэ къэзылэжь хозяйствэ псоми ящІыгъуу:

лэжьыгъэхэм зэгъэуІауэ екІуэкІын папщІэ гъэмахуэ хъупІэхэм щыІэну штабхэр къыззригъэпэщыну;

гъэмахуэ хъупІэхэм щыІэ инфраструктурэм и щытыкІэр 2016 гъэм накъыгъэм и 10-м фІэмыкІыу иубзыхуну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ гъэмахуэ хъупІэхэм хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми хъупІэхэм ягъэкІуэну Іэщым и бжыгъэмрэ абыхэм къущхьэхъум щыщыІэну зэманым ькьалэжьыну зыщыгугъ продукцэмрэ къыхэтыкІыныр къыззригъэпэщыну.

2. Муниципальнэ районхэрэ къалэ округхэмрэ я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын:

къущхьэхъу хъупІэхэм хиубыдэ щІы Іыхьэхэр бэджэнду зыІыгъынухэм я спискэмрэ хъупІэ къэс Іэщыр тегушауэ зэрыщытынум теухуа информацэмрэ 2016 гъэм накъыгъэм и 10-м фІэмыкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иратыну;

хозяйствэхэм, унагъуэхэм, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм я Іэщу къущхьэхъу щыІэнухэр мэкъумэш продукцІэ къэзылэжь псоми ящІыгъуу яубзыхуну икІи Іэбгъэхэр, мэл хъушэхэр, шы гуартэхэр къызэрагъэпэщыну;

къущхьэхъум и хъупІэ щхьэхуэхэм электрокъару къэзылэжь Іэмэпсымэхэр къыщыгъэсэбэпын зэрыхуейм хэплъэну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкіэ и управленэм хуэгъэувын 2016 гъэм накъыгъэм и 10-м фІэмыкІыу:

къущхьэхъум ягъэкІуэну Іэщыр зыхуеину ветеринар-профилактикэ Іуэху нэхъыщхьэхэр зэфІигъэкІыну;

ветеринариемкІэ Іэщ1агъэпІхэр гъэмахуэ хъупІэхэм зэпымыууэ щылажьэныр къыззригъэпэщыну икІи ахэр зэрызекІуэфын транспорт яхухиныр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щ1ымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылъкум хиубыдэ щІы Іыхьэу хъупІэу, мэкъупІэу къагъэсэбэпэхэр бэджэнду зыІыгъхэм я спискэхэмрэ зыми Іамыхьауэ къэна щІы Іыхьэхэм ятеухуа информацэмрэ 2016 гъэм накъыгъэм и 10-м фІэмыкІыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иритыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкІэ и управленэм хуэгъэувын:

къущхьэхъу хъупІэхэм щыІэ гъуэгуэрэ ягъэува мардэхэм езэгъыу зэрригъэпэщыжыну икІи Къуратышхуэ, Къуратыу ЦІыкІу, Кьэнжал Ищхьэрэ, Къуэщтэн, Алтыякъ, Лахьрэнышхуэ, Лахьрэн ЦІыкІу, Хьазнидон, Сукан, Хьумэпан, ПсыкІэху Ипщэ хъупІэхэм щыІэ гъуэгуэхэм я щытыкІэм гупмыІэ хэха хуищыну;

Іэщыр гъэмахуэ хъупІэм щыщыІэну зэманым гъуэгуэхэм жэщи махуи щызекІуэфын папщІэ абыхэм я щытыкІэм зэпымыууэ кІэлъыплъыну.

6. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм хуэгъэувын муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм, мэкъумэш продукцэ къэзылэжь псоми ящІыгъуу:

гъэмахуэ хъупІэхэм щыІэну Іэщыхьэхэмрэ абыхэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр яхуэзыщІэ адрей цІыхухэмрэ я узыншагъэр къэпщытэныр 2016 гъэм накъыгъэм и 15-м нэсыху зэфІигъэкІыну;

гъэмахуэ хъупІэхэм щыІэну Іэщыхьэхэм 2016 гъэм накъыгъэм и 15-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 15-м нэсыху зыхуэфащэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр къыззригъэпэщыну;

медицинэм и Іэщ1агъэлІу гъэмахуэ хъупІэхэм щыІэнухэр лэжьэн икІи загъэпсэхун папщІэ зыхуеину псори къахуэзригъэпэщыну, абыхэм автотранспорт яритыну.

7. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын Іэщыр гъэмахуэ хъупІэхэм зышэ, къиэшышьк автотранспортыр шынагъуэншэу зекІуэныр къызэрригъэпэщыну, хабзэр ихуэмэну.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын гъэмахуэ хъупІэхэм лэжьыгъэхэр зэрыщІекІуэкІыр щІэх-щІэхьыурэ цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм кьытрадзэныр, апхуэдэу къущхьэхъум Іэщыр зэрыщ1ыгъам кьрикІуахэр кьагъэлъэгъуэныр къыззригъэпэщыну.

9. «Къэбэрдей-Балъкъэр» Іэщ лъэпкъыфІхэм я селекцэ центр» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгъэхьныгъэм чэнджэщ етын жэмхэмрэ жэмыщІэхэмрэ искусственнэу псэф ящІын папщІэ Іэщ лъэпкъыфІхэм я жылэхэр зэблэу къыхэмыкІыу кьришэлІэну.

10. «Кавказ Ищхьэрэм электрокъарур тезыгуашэ щІыналъэ зэхуаку сетевой компание» акционер зэгъэхьныгъэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм чэнджэщ етын 2016 гъэм накъыгъэм и 20-м фІэмыкІыу:

гъэмахуэ хъупІэхэм электрокъарур зэрекІуэлІа линэхэр зэгъэпэщыжьын иухыу электрокъарур къэзыгъэсэбэпынухэм яхупидэну;

электрокъэж жэщми махуэми лэжьэныр зэтригъэувэну, ахэр транспорткІэ къызэрригъэпэщыну икІи лэжьэн, загъэпсэхун папщІэ зыхуеину Іэмалхэр къахуэзригъэпэщыну.

11. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщІ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и ягъэ и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говеров С. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

● Гу зылъытапхъэ

Хэхыныгъэхэм хэтыну ирагъэблагъэ

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием (ЩІДАА) и действительнэ членхэр, член-корреспондентхэр убзыхуэм хуэунэтІа хэхыныгъэхэм гукъыдэж зиІэхэм папщІэ ЩІДАА-м зэпеуэ къыхелъхъэ.

АКАДЕМИЕМ и къудамэхэм ельытауэ вакансиеу щыІэхэр зэхуэдэкъым.

ЩІДАА-м и действительнэ члену абы Энергетикэмкіэ, машинэ ухуэныгъэмкІэ, механикэмрэ управленэмкІэ, Тхьдэ-филологие щІэныгъэхэмкІэ и къудамэхэм къащтэнур щІыху зырызащ. Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм и действительнэ члену цІыхуитІ къащтэнущ.

ЩІДАА-м и член-корреспонденту Энергетикэмкіэ, машинэ ухуэныгъэмкІэ, механикэмрэ управленэмкІэ, Медико-биологие, Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ и къудамэхэм къащтэнур цІыху зырызащ. ЩІДАА-м Химиемрэ материалхэм епха щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм цІыхуитІ, Тхьдэ-филологие щІэныгъэхэмкІэ и къудамэхэм цІыхуищ къащтэнущ.

Зэпеуэм зэрыхэтынумкІэ лъэІу тхьилъхэр епт хъунущ 2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 15 пщІондэ.

ХэщІапІэр: Налшык къалэ, Шортанов и цІэр зезыхьэ уэрам, 89-а. Телефонхэр: (8662) 42-64-46, 42-70-06.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и пресс-центр.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Гъэунэхуныгъэм пхыкІащ

КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм щыІухуэм кадастр инженерыр и аттестатыр етыным теухуауэ мазиплІ кІуам зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ.

КАДАСТР инженерхэр аттестацэ щІыныкІэ комиссэм и секретарь Иуан Тимур зэрыжиІамкІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнес-инкубатор» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм мы гъэм щрагъэкІуэкІа, кадастр инженерхэм я квалификацІэ экзаменхэм щІыху 22-рэ хэтати, 7-р къэпщытэныгъэм пэлъэщащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ щІыхуищкІэ нэхъыбэщ. Илъэс кІуам щыІыху 40-м ящыщу 19-м аттестатыр иратыжащ.

КвалификацІэ экзаменыр зэрекІуэкІ илъэситхум кьриубыдэу щІыху 540-рэ къэпщытэныгъэм хэтати, гъэунэхуныгъэм пхыкІа 258-м кадастр инженерым и аттестатыр иратыжащ.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, «ЯмыгъэІэпхъэуэ мылъкум и къэрал кадастрым и Іуэхуэкіэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ, 2011 гъэм щІышылэм и 1-м къыщыщІэдзауэ кадастр лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІыну хуитыр кадастр инженерым и квалификацІэ аттестат зиІэ щІыхуэхрщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал властым и гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм и уполномоченнэу щагъэувар республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэрщ, «ЩІы кадастр палатэ» ФГУ-м щыщхэмрэ а Іуэхумкіэ зи лэжьыгъэр зыубзыхуэр организацэм и лІыкІуипІрэ.

Кадастр инженерым и квалификацІэ аттестат хуей псоми я тхьилъхэр Іах. Фызыхуей хьыбархэр министерствэм и http://www.economykbr.ru официальнэ сайтымрэ Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и http://www.to07.rosreestr.ru сайтымрэ къыщыцІыгъуэтынущ.

Телефоныр: 8(8662) 40-85-57.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

● Жыжьэ - гъунэгъу

ТІэш Мурдинрэ КІэкІыхъу Мэжидрэ.

Ар цІыхубэм ящыгъупщэнукъым

1864 гъэм накъыгъэм и 21-м Къуэбыдэ щІыпІэм деж (иджы Красная поляна жыхуиІэ поселкэрщ) щиухащ илъэсищкІэ екІуэкІа Кавказ зауэр. Адыгэ псоми я дежкІэ ар Щыгъуэ-щІэж махуэщ. Лъэпкъыр хуощІыгъуэ хэкум и хуитыныгъэм хахуэу щІэзэуахэм, зауэжьым хэкІуэдахэм, хэхэсыныр зи натІэ хъуахэм.

XIX ЛІЭЩІЫГЪУЭМ и етІуанэ Іыхьэм щхьэхуимыту мухьэжыр хъуащ ди лъэпкъэгъу мелуан бжыгъэхэр. Адыгэхэм я процент 90-м щІигъур хамэщІхэм щикъуащ. Щыгъуэ-щІэж махуэм теухуа пэкІухэр, зекІуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр щокІуэкІ Хэкуми адыгэхэр щыпсэу нэгъуэщІ къэралхэми. Щыгъуэ-щІэж махуэм гурэ псэкІэ зэкъуегъэувэ дунеижьым щикъуэка адыгэхэр.

Абыхэм ящыщщ хы ФІыцІэ Іуфэм Іус шапсыгъэхэр.

ТІуапсы районым щыщ Іэгуий-Шапсыгъ къуажэм накъыгъэм и 21-м щызэхуэсат щІыху щэ бжыгъэхэр - нэхъыжьхэр, щІалэгъуалэр, Адыгэ Хасэм хэтхэр, къулыкъущІэхэр. ПэкІур екІуэкІа нэужь, шухэр уэрамым ирикІуащ, иужькІэ хы ФІыцІэм удэ гъэгъахэр хальхьащ.

- Щыгъуэ-щІэж махуэм екІуэкІ Іуэхуэхэм кІыхьыхьэхэр илъэс къэс нэхъыбэ мэхъу, - жиІащ «Шапсыгъ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Щхьэлъахъуэ Мадин. - Унагъуэхэр зэщІыгъуу къэкІуэ, хьэщІэу кьеблагъэхэри нэхъыбэ хъуащ. КьыхэгъащІыпхъэщ мы щІыпІэм и щІыдэлъху лъэпкъым и дежкІэ мыхьэнэшхуэу зиІэ мы махуэм районым и унафэщІхэми гулъытэ нэхъ хуащІ зэрыхъуар. Аращ зэрыщытыпхъэри: дэ зы къэралым дрицыхущи, зы лъэпкъым и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ адрейм илъытэу щытын хуейщ. Ар кьыхагъэщ накъыгъэм и 21-м екІуэкІ пэкІухэм кьыщыпсалъэхэми. Дытопсэлъыхь гуаузкІи лыхъужьыгъэкІи псыхьа ди лъэпкъ тхьдэм, ди блэкІам дерс кьыхэтхьи, лъэпкъыр дызэрыІыгъыным, щыналъэм щыпсэуэм дяку зэгурыІуэрэ мамырыгъэр дэлъыным иужь дитын зэрыхуейм, ди япэ итахэм я фэеплъыр зэрытхъумапэм. Дауи, дегъэгуфІэ ди щІалэгъуалэр адыгэ хабзэм тетыну зэрыхущІэкъум, Іуэхуу кьепхъэжьэр бдапхъэтэну зэрыхьэзырым. Псалъэм папщІэ, Щыгъуэ-щІэж махуэм теухуа и усэхэм адыгэзэкІи ужьибзэкІи пэкІум Іыхьеджащ ди щІыналъэм и жылагъуэ лэжьакІуэ, усакІуэ Алэло Хьэсэн, - жиІащ абы.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 152-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэхэр щекІуэкІащ Шахэкіешхуэрэ Головинкэрэ. ШколакІуэхэм яІущІащ Сочэ кьалэм тхыдэмкІэ и музейм этнографиемкІэ Лазаревск щІи и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь Хъущт Іэминат. Ар ныжьжьыщІэхэм яхутепсэлъыхьащ ди лъэпкъым и тхыдэм, Кавказ зауэм и напэкІуэцІ гуузэм, адыгэхэм иджы я псэукІэм.

- Накъыгъэм и 21-м, «Музейхэм я жэщ» дунейпсо щэнхабзэ Іуэхум хэту ди кьудамэм къыщыздгъэпэщащ «Этнографие теплъэгъуэхэр» проектыр, - къыхиГъэщащ Іэминат. - КьызэлуГха экспозициущм ящыщу зыр хуэпэпсащ адыгэ дамыгъэжьм. Иджы догъэхьэзыр Шапсыгъ районым лІэщІыгъуэ кІуам и 30 гъэхэм щыІа псэукІэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ.

Щыгъуэ-щІэж махуэм хэтхэм удэ гъэгъахэр траліхьащ Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъу Шахэкіешхуэ дэтым. Головинкэ щыкІ Тюльпан жыгым деж дыуэ щащІащ хэкІуэдахэм папщІэ. Хы ФІыцІэм удэ гъэгъахэр хахьхьа нэужь, Мыгу лъэпкъым я фэепль дамыгъэм екІуэлІахэщ.

Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КІэкІыхъу Мэжид, Хасэм хэт ТІэш Мурдин, Шахэкіешхуэ и нэхъыжь Гъуафэ Руслан сымэ пэкІум кьекІуэлІахэр кьыхураджащ лъэпкъым и блэкІар яльытэну, тхыдэ фэеплъхэр яхуэмэну. Головинкэ кьуажэм и Правдэ уэрамым, Шахапэкіэ зэджэу щытам, тесэм жьэрымэрэ адыгэ кхъуейр ягуэшащ.

Щыгъуэ-щІэж махуэм ди лъэпкъыр щымт... Дэнэ щІыпІэ щыпсэу адыгэри яхуэщІыгъэрт Кавказ зауэм и ужькІэ дунейпсо картэм икІуэдыкІа Шэрджэс къэралыгъуэм, лъэпкъым и нэгу щІэкІам, тхыдэм хьэхьэжа убыххэм.

НЫБЭ Анзор.
«Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1 - 30 щІыхуэм зэрагІуащІэнур

Махуэхэр	Зэманыр	ЦІыхуэхм яхуэзэнур	Телефонхэр
Мэкъуауэгъуэм и 1-м	10.00-13.00	Джэданэ Залым Щалэуат и къуэр	77-67-62
	14.00-17.00	Джэш ФатІимэ Іэюб и пхъур	77-27-46
Мэкъуауэгъуэм и 2-м	10.00-13.00	Гуппоев Тимур Борис и къуэр	77-67-62
	14.00-17.00	Дадашев Агабаба Айдыноглы	77-27-46
Мэкъуауэгъуэм и 3-м	10.00-13.00	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр	77-68-23
	14.00-17.00	Жаным Руслан Мухьэмэд и къуэр	77-27-46
Мэкъуауэгъуэм и 6-м	10.00-13.00	Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр	77-28-44
	14.00-17.00	Иуан Пётр Мацэ и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 7-м	10.00-13.00	Кьалмыкъ Жылэбий Адэлбий и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Канунников Анатолий Данил и къуэр	77-27-46
Мэкъуауэгъуэм и 8-м	10.00-13.00	Караев Расул Шарабудин и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	КІыщыкъуэ Иринэ Музэфар и пхъур	77-68-23
Мэкъуауэгъуэм и 9-м	10.00-13.00	Колесников Юрий Александр и къуэр	77-28-44
	14.00-17.00	Котляровэ Марие Абрам и пхъур	77-67-62
Мэкъуауэгъуэм и 10-м	10.00-13.00	Къуэщ1ысокъуэ Александр БетІал и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Къущхьэ Заремэ Мухьэмэд и пхъур	77-67-62
Мэкъуауэгъуэм и 14-м	10.00-13.00	Любуня Николай Григорий и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Мэзло Руслан БетІал и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 15-м	10.00-13.00	Маслов Николай Александр и къуэр	77-68-23
	14.00-17.00	Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Хьэмид и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 16-м	10.00-13.00	Назаренкэ Олеся Владимир и пхъур	77-28-44
	14.00-17.00	Олицкий Александр Владимир и къуэр	77-67-62
Мэкъуауэгъуэм и 17-м	10.00-13.00	Іухъу Анатолий Леонид и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Павленкэ Владимир Порфирий и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 20-м	10.00-13.00	Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр	77-68-23
	14.00-17.00	Скакунков Виктор Николай и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 21-м	10.00-13.00	Темыркъан Борис Хьэту и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Тхьэзэпльыж Мурат ТІуло и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 22-м	10.00-13.00	Уянаев Борис Биязлука и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Хьажы Руслан Мухьэмэд и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 23-м	10.00-13.00	Хьэфыщ1э Мухьэмэд Мусэбий и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Хьуэкіуэн Мурат Хьэзрэталий и къуэр	77-28-44
Мэкъуауэгъуэм и 26-м	10.00-13.00	Хутуевэ Светланэ Хьэнэфий и пхъур	77-27-46
	14.00-17.00	Целоусовэ Ануся Азэмэт и пхъур	77-27-46
Мэкъуауэгъуэм и 27-м	10.00-13.00	Шабаев Леви Меир и къуэр	77-68-23
	14.00-17.00	Шапкинэ Любовь Анатолий и пхъур	77-26-46
Мэкъуауэгъуэм и 28-м	10.00-13.00	Щэрдан Нодар Іэбу и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр	77-27-46
Мэкъуауэгъуэм и 29-м	10.00-13.00	Энеев Махмут Уэеир и къуэр	77-27-46
	14.00-17.00	Ету Залинэ Хьэмидбий и пхъур	77-67-62
Мэкъуауэгъуэм и 30-м	10.00-13.00	Абшаев Магомет ТІэхьир и къуэр	77-28-44
	14.00-17.00	Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр	77-27-46

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хь. А.** зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуалІэ цІыхухэм яІуощІэ бзэрэжьей къэс схьэяти 10.00 - 13.00-хэм къриубыдэу (нэхъ пасэу зрагъэтхьи папщІэ 77-69-93 телефонымкІэ мэпсалъэ).

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ и къудамэхэр цІыхухэм яІуощІэ:
Федченко Л. М. - гъубж къэс схьэят 14.00 - 16.00-хэм (телефоныр 72-07-80);
Аттаев Ж. Ж. - махуэку къэс схьэят 14.00 - 16.00-хэм (телефоныр 42-05-20).

Къэпщытэныгъэхэр йокІуэкІ

● Школ хъыбархэр

Курыт школыр мы гъэм къэзыух еджакІуэ цІыкІухэм я щІэныгъэр здыиэсыр къэпщытэн щІадзащ. Экзамен зэратыну предметхэр псори зэхэту 12 мэхъу.

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм хьэтхуигъэхьащ экзаменхэр зэратыну графикыр. Щыгъуазэ фыдощІ экзаменхэр щатыну махуэхэмрэ ахэр зэрекІуэкІыну сыхьэт бжыгъэмрэ.

Накъыгъэм и 30-м - урысбзэр (сыхьэтищрэ дакъикъэ 30-кІэ);

Мэкъуауэгъуэм и 2-м - математикэр (базовэ) (сыхьэтищкІэ);

Мэкъуауэгъуэм и 6-м - математикэр (профильнэ) (сыхьэтищрэ дакъикъэ 55-кІэ);

Мэкъуауэгъуэм и 8-м - обществознаниер (сыхьэтищрэ дакъикъэ 55-кІэ);

Мэкъуауэгъуэм и 10 - 11-хэм - хамэ къэралыбзэхэр (жьэрыІуатэу) (сыхьэтищкІэ);

Мэкъуауэгъуэм и 14-м - хамэ къэралыбзэхэр (тхыгъэ лэжьыгъэ), биологие (сыхьэтищкІэ);

Мэкъуауэгъуэм и 16-м - информатикэмрэ ИКТ-мрэ, тхыдэ (сыхьэтищрэ дакъикъэ 55-кІэ);

Мэкъуауэгъуэм и 20-м - химиер (сыхьэтищрэ дакъикъэ 30-кІэ), физикэ (сыхьэтищрэ дакъикъэ 55-кІэ).

А махуэхэм къэпщытэныгъэхэм екІуэлІэну Іэмал зимыІаехэм зэман щхьэхуэ хухахыжащ. Ахэр ятыж хъунущ мыпхуэдэ махуэхэм:

Мэкъуауэгъуэм и 22-м - географиер, хамэ къэралыбзэхэр (тхыгъэ лэжьыгъэ), химиер, обществознаниер, информатикэмрэ ИКТ-мрэ;

Мэкъуауэгъуэм и 23-м - хамэ къэралыбзэхэр (жьэрыІуатэу);

Мэкъуауэгъуэм и 24-м - литературэр, физикэр, тхыдэр, биологиер;

Мэкъуауэгъуэм и 27-м - урысбзэр;

Мэкъуауэгъуэм и 28-м - математикэр (базовэ, профильнэ).

Предмет къэс хухаха къэпщытэныгъэ махуитІми иримыхьэлІахэм папщІэ экзаменхэр екІуэкІынущ мэкъуауэгъуэм и 30-м.

ИСЛЪАМ Нащхьэ.

Алыхьыр къызэрытхуэупсафІыгъуэ

● Мазэ лъапІэ

Алыхь лъапІэм и пщылІхэм къабгъэдилъхьа фІыгъуэшхуэхэм ящыщ Рэмэдан мазэ лъапІэу лъэІур къабыл щыхьыр.

МАЗЭУ щыІэм я нэхъ лъапІэщ Рэмэданыр. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, мы гъэм ар мэкъуауэгъуэм и 6-м кІохьэ (мазэр кІыщыунэхум елъытауэ зэхъуэкІыныгъэ иІэнкІэ хъунущ). КІэрІэн лъапІэми хьдисхэми щыгъуазэ дыззэращІащи, а мазэр адрей псом ялейиц, сыту жыпІэмэ, КІыдзр жэщ лъапІэр зыхэтщ ар. Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: «Уа, Іиман къэзыхьахэ! Фэ нэщІыр къыфтрилъхьащ, фи ятІонэрэ ихатхэми хуэдзу. Рэмэдан мазэм КъурІэн лъапІэр ныфхуедгъэхащ фэркІэ ущиякІуэу (хьэрэмми хьэлэлми щыгъуазэ фищыну). Фи унэ фисыжу ар къэсмэ, фынэущ, сымаджэ фыхъуамэ е гъуэгуанэ кІыхь фытетмэ, фыпшынывь».

Нэщі зыІыгъ цІыхум гущІэгъу хэлъ мэхъу, сыту жыпІэмэ, нэщІ ис цІыхум зыхещІэ тхьэмыщкІэм, зыхуэзофІэмыкІымы ныбжькІэ игъэвыр зыхуэдизыр. Ар зи ныбэ изым имыщІэнкІи хъунущ.

Алыхьым и псалъэу ЛІыкІуэм къыІуэтэжащ: «Тхьэм жиІащ: «Іэдэм и бын псоми фы ялэжьыр зыхуалэжьыр я щхьэрщ, нэщІым къищынэмыщІа. НэщІыр щІалыгъыр Сэращи, абы къыпэкІуэр Сэ естыжьынущ».

Алыхьыр къызэрыддэІэпыкъунум шэч къытезымыхьэу Рэмэдан мазэм Тхьэм хуэпщылІым и лъэІур къабыл хъунущ, и гуэныхьхэри къыхуэгъунущ. А мазэ лъапІэм Алыхьыр пщцэзыгъэгъупщэ, гур зыгъэпІейтей псоми ялэІэщІэ зыщІыкІ хуейщ. Хэщхьэжыр къэса нэужь, цІыхум кІехьэлъэкІыкІи ших хъунукъым, ари Тхьэм фІэмыфІ Іэхуэгъуэхэм ящыщщ.

Тэрауихь нэмэзыр щІыным псапэ лей пылъщ. Ар мэжджытым щыщІыкІи хуейщ, ауэ унэм щыпщІми хъунущ. Ар рэкхьэт тІощІ мэхъу, рэкхьэтитІ къэс сэлам ят.

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Нэхъ дахэхэм хабжэ

Париж дэт мэжджытышхуэр дуней псом щынэхъ дахэ дыдэхэм хабжэ. Ялэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм Франджыр нэмыцІэ зэрыпхъуакІуэхэм къалэщІэгъэкІыжьным щІэзэуэ муслъымэнхэм 1926 гъэм а мэжджытыр яхуищІащ а къэралым и президенту абы щыгъуэм щыта Думергр Гастон. Ар къыщызэІуахам, къэрал Іэтащхьэри мэжджытым щІэсу, абы ялэу нэмэз щригъэщІащ Алжирым я раис-Іимам, дин щІэныгъэлІ Аль-Алауи Ахьмэд.

Тхьэм щелъэІу мы уардэунэр нобэр къыздэсым къэщІэрэщІэж зэпытщ. Абы и азэн джалІэхэм я лъагагъщ метр 33-рэ, и кІуэцІхэр КъурІэным и ІэятхэмкІэ тхащ. А мэжджыт абрагъуэм хэтщ нэмэз щащІ пэшышхуэхэр, мыдрисэ, конференц-зал, библиотекэ, ресторан, шей ефапІэ, хьэмэм, тыкуэнхэр.

● Щапхъэ

Псэ хьэлэл зиІэ Дыщэкі Лиуан

Нобэ зи гугъу тщІынур Лашынкъей къуажэм къыщалъхуа, Алыхьым и гъуэгу пэжым тет Дыщэкі Лиуанщ. Зэрысабийрэ муслъымэныгъэм пэгъунэгъуу ар къэтэджащ, и адэ-анэр динщІэкъуу зэрыщытым къыхэкІыу.

- ФІЫЩІЭ ин хуэсщІыну сыхуейщ КъурІэн лъапІэм и хьэрфхэр сэзыгъэцІыхуа, абы еджакІэ сезыгъэса ДыщэкІ Нуркэ. ЖьыщІхъ махуэ Тхьэм тхуищІ, гузэвэгъэншэу, и псапэм хэхъуэ зэпыту куэдрэ Алыхьым тхуигъэпсэу! - жеІэ Лиуан. -Ислъам диным щыгъуазэ дызэрищІщи, дунейм щыдлэжьаращ ахърэтым щыдгъэтыжынур. Ди япэ ища ди нэхъыжьхьэфІхэу КъуэнякъуэІ ТІыРэрэ ТыІэщ Исмэхьилрэ щапхъэ нэс схуэхъуащ гъащІэм лъагэуэ щыкъэшыныжмкІэ. Ахэр псэуху телэжьащ Алыхьым и арэзыщІынымгъэм, цІыху гуапэу, псапащІэу дунейм тетахэщ.

Школыр кІыуха нэужь, ДыщэкІ Лиуан Челябинск къалэм дзэм кІулыкъу щищІащ. Иужькіэ, 1992 гъэм Налшык ялэ дыдэуИслъам институтыр къыщыщІэзІуахам, абы илъэситкІэ щеджащ. Сауд Хьэрыпым кІикІыу Налшык къэкІуа дин щІэныгъэлІхэм еджакІуэхэм я щІэныгъэр къыщапщытэм, еджакІуэ 16 къыхашри, дин щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт, Эр-Рияд дэт «Мухьэммэд ибн Сэхьуд Аль-Ислъами» и цІэр зезыхьэ, дуней псом щыщІэрыІуэIslъам институтым яшащ. Абыхэм яхэтащ ДыщэкІри икІи щІэныгъэ нэс зригъэгъуэтри, 1996 гъэм къигъэзэжащ. Нобэр къыздэсым и гъащІэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр Тхьэм хуэлэжьэнращ. Дин щІэныгъэ ззэныгъэгъуэтыну хуей ныбжьыщІэхэр ирегъаджэ,ислъам пэжым и гъуэгугъэлъагъуэщ. КъищІынэмыщІащ 2012 гъэм Лашынкъей къуажэм Іиманм къалэныр и пщэ къыщалъхьащ икІи ар хьэлэлу егъэзащІэ. ЦІыхухэр кІыхьуэразыщ, зэпІэзэрытщ, пщІэ, нэмысыщхэу зыхэлъщ. Лиуан хуэдэ бын зыгъэса Асльэнбийрэ Сусаннэрэ фІыщІэ лей яхуэфащэщ.

ДыщэкІ Лиуан унагъуэ дахэ иухащ. И щхьэгъусэ Залинэрэ абырэ щІалэрэ хьыджэбзэ зэдагъэтащ. Ахэри адэм и щапхъэм щІэту къэтэдж. И щІалэм КъурІэн еджэнымкІэ районым, республикэм ялэ увыпІэ мызэ-мытІэу къыщихьащ. Унагъуэм ис псоми я къалэн нэхъыщхьэр, я нэмэз уахътыр бламыгъэкІыу, Аллахым и арэзыныгъэр къалэжьынырц, цІыху гуапэу, сэбэпу дунейм тетынраци, ар абыхэм къохъулІэ.

● Фи лъэІукІэ

Мэкъуауэгъуэм и нэмэз щІыгъуэхэр

	Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1,	бэрэжьей	02.56	04.27	12.14	16.18	19.40	21.20
2,	махуэку	02.55	04.27	12.14	16.18	19.41	21.21
3,	мэрем	02.54	04.26	12.14	16.19	19.42	21.22
4,	щэбэт	02.53	04.26	12.14	16.19	19.42	21.21
5,	тхьэмахуэ	02.53	04.25	12.14	16.19	19.43	21.23
6,	блыщхьэ	02.53	04.25	12.14	16.20	19.44	21.24
7,	гъубж	02.52	04.25	12.15	16.20	19.44	21.24
8,	бэрэжьей	02.52	04.25	12.15	16.20	19.45	21.25
9,	махуэку	02.51	04.24	12.15	16.21	19.46	21.26
10,	мэрем	02.51	04.24	12.15	16.21	19.46	21.26
11,	щэбэт	02.50	04.24	12.15	16.21	19.47	21.27
12,	тхьэмахуэ	02.50	04.24	12.16	16.22	19.47	21.27
13,	блыщхьэ	02.50	04.24	12.16	16.22	19.48	21.28
14,	гъубж	02.50	04.24	12.16	16.22	19.48	21.28
15,	бэрэжьей	02.50	04.24	12.16	16.22	19.49	21.29
16,	махуэку	02.49	04.24	12.16	16.23	19.49	21.29
17,	мэрем	02.49	04.24	12.17	16.23	19.49	21.29
18,	щэбэт	02.49	04.24	12.17	16.23	19.50	21.30
19,	тхьэмахуэ	02.49	04.24	12.17	16.23	19.50	21.30
20,	блыщхьэ	02.49	04.24	12.17	16.24	19.50	21.30
21,	гъубж	02.49	04.24	12.17	16.24	19.50	21.30
22,	бэрэжьей	02.50	04.25	12.18	16.24	19.50	21.30
23,	махуэку	02.50	04.25	12.18	16.24	19.51	21.31
24,	мэрем	02.50	04.25	12.18	16.25	19.51	21.31
25,	щэбэт	02.51	04.26	12.18	16.25	19.51	21.31
26,	тхьэмахуэ	02.51	04.26	12.19	16.25	19.51	21.31
27,	блыщхьэ	02.51	04.26	12.19	16.25	19.51	21.31
28,	гъубж	02.53	04.27	12.19	16.25	19.51	21.31
29,	бэрэжьей	02.53	04.27	12.19	16.25	19.51	21.31
30,	махуэку	02.54	04.28	12.19	16.26	19.50	21.30

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іэхущ Іапі эм къыдитащ.

● Гъэсэныгъэ

ЩІалэ цІыкІумрэ мыІэрысеймрэ

ЩІалэ цІыкІумрэ мыІэрысеймрэ фІыщІэу зэрылъэгъуат. Сабийр абы и деж махуэ къэс кІуэрт, и мыІэрысехэр ишхырт, и къудамэхэм дэпщейуРэ щыджэгурт, и къарур ихуа нэужь, и жьауэм щІэгъуалъхьэрти щыжейрт. Жьыгми ар и гурыфІыгъуэт.

Зэманыр кІуэхукІэ сабийри нэхъ къыдэкІуэтейрт. Жьыгым и деж махуэ къэс ар мыкІуэж хъуащ. Мыдрейри абы иринэщхьейрт. Зэгуэрым сабийр и деж къыщыкІуэм, жьыгым къигуфІам щІэи гуфи иІэкъым.

- Сыту фІыщІэу укъысухэкІуа, си щІалэ! КъакІуэ, мыІэрысэ шхы, си къудамэхэм хьыринэ щещІэ, - гуфІэу жиІащ жьыгым.

- Хьэуэ, сэ мыІэрысэ сшхыну сыкъэкІуакъым, си ныбжьыгъуэм яІэ хьэпшыпхэм хуэдэ къэсщэхуну сыхуейщ. Ахъшэ къызэптыфыну? - щІэупщІащ щІалэ цІыкІур.

- Сэ ахъшэ сиІэкъым, си мыІэрысэхэр къэпыч, къалэм шэи щэ, узыхуейхэр къэпщэхунщ, - жиІащ жьыгым.

Сабийр гуфІэри, мыІэрысэхэр къэпичащ. Къалэм ишэщ, ищэри, зыхуеяхэр псори къищэхуащ.

Арати, щІалэ цІыкІур зыкъомрэ къэпльыгъуэзакъым жьыгым. Зэман дэкІыу сабийр и деж аргуэру къыщыкІуэм, жьыгым къигуфІар къэпхуэмыІуэтэным хуэдизт.

- Сыту фІыщІэу укъэкІуа, си щІалэ! Сыту ейуэ сыбгъэгуфІа! МыІэрысэ узэгъэшхэн сиІэжкъым, ауэ, къакІуэ си къудамэхэм къыдэпщей, ущыджэгунщ, - жиІащ мыІэрысэ жьыгым.

- Хьэуэ, сэ сыщыджэгуу щыта зэманым сикІащ. Унагъуэ зэзгъэпэщынущи, унэ сыхуейщ. Уэ къыззэптыфыну? - щІэупщІащ щІалэр.

- Сэ унэ сиІэкъым, ауэ си къудамэхэр къэпльупщІи, унэ ириухуэ. Уэ уи насыпращ сэ си гурыфІыгъуэр, - жиІащ жьыгым.

ЩІалэм ар игъэззащІащ икІи аргуэру куэдрэ къэпльыгъуэзакъым. Зэман куэд дэкІыу, жьыгым деж къыщыгригъазэм, жьыгыр, зэрихабзэу, хуабжьу гуфІащ.

- Сыту фІыщІэу укъысухэкІуа, си щІалэ! Уэзгъэшхыну мыІэрыси ущыджэгуну къудамэ сиІэжкъым, сыткІэ сэбэп сыхъуну? - щІэупщІащ жьыгыр гуфІэу.

- Сэ мыІэрыси къудамэхэми сыхуейкъым. Сэ щыпІэ жьыжьэ крикІуэ зэрызызгъэпсэхун кхъухьщ сызыхуейр. Уэ къызэптыфыну? - щІэупщІащ лІыр.

- Сэ кхъухь сиІэжьым, си лъэдакъэм нэс къиупщыкІи, къыхэщыкІ узыхуейм хуэдэ кхъухь. Узыхуей щІыпІэхэм урикІуэнщ, сэри абы сригуфІэнщ, - жиІащ жьыгым. ЛІыр гуфІэри, апхуэдэу ищІащ.

Зэман куэд дэкІыу, си ныбжь хэкІуэта лІыжьым жьыгыр лъэдакъэ ящэнэжам деж къыщытригъаззм, лъэдакъэр апхуэдизкІэ гуфІати, къарууэ къыхуэнэжар зэхилъхьэри зишэщІащ, сэбэп зэхуэсынум хуэхъэзыру.

- Сыту фІыщІэу укъыскуэжкІуа, сыту ІейуэІ сыбгъэгуфІа, си щІалэ! Уэзгъэшхыну мыІэрыси, ущыгъэджэгуну къудамэхэм сиІэжкъым, сыткІэ сэбэп сыхъуну? - щІэупщІащ жьыгыр гуфІэу.

- Сэ мыІэрыси къудамэхэми сыхуейкъым. Сэ щыпІэ жьыжьэ крикІуэ зэрызызгъэпсэхун кхъухьщ сызыхуейр. Уэ къызэптыфыну? - щІэупщІащ лІыр.

- Сэ кхъухь сиІэжьым, си лъэдакъэм нэс къиупщыкІи, къыхэщыкІ узыхуейм хуэдэ кхъухь. Узыхуей щІыпІэхэм урикІуэнщ, сэри абы сригуфІэнщ, - жиІащ жьыгым. ЛІыр гуфІэри, апхуэдэу ищІащ.

Зэман куэд дэкІыу, си ныбжь хэкІуэта лІыжьым жьыгыр лъэдакъэ ящэнэжам деж къыщытригъаззм, лъэдакъэр апхуэдизкІэ гуфІати, къарууэ къыхуэнэжар зэхилъхьэри зишэщІащ, сэбэп зэхуэсынум хуэхъэзыру.

- Сыту фІыщІэу укъыскуэжкІуа, сыту ІейуэІ сыбгъэгуфІа, си щІалэ! Уэзгъэшхыну мыІэрыси, ущыгъэджэгуну къудамэ, ущызгъэжеину жьауапІи сиІэжкъым. СыткІэ зыпщІэзгъэкъуэфыну? - гуфІэу щІэупщІащ жьыгыр лъэдакъэр.

- Сэ мыІэрыси, къудами, жьауапІи къэслъыхуэжьыркъым. Сэ сызыхуей мы дунейм зыри теткъым си щхьэр уи лъэдакъэм теслъхьэу зыщщызгъэпсэхуну фІэкІа, - жиІэри, лІыжьым и щхьэр жьыгыр лъэдакъэм трилъхьащ.

Мы хьыбарым дызригъэгупсысыр адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкІэрщ. Дунеягъи ахърэти дымыщІэжу ГъащІэм дыкІэлъожэ. Ауэ щыхъуйки, ди Іэхку щызэхэзэрыхьам деж еш имыщІэу щІэгъэкъуэн къытхуэхъуэр анэрщ. Абы девгъэгупсыси, дыкъэзылъхуахэм ялэ игъэщытхъэ зэрыщымыІэр зыщыдвмыгъэгъэгупщэ, иужькІэ дыхущІемыгъуэжьн хуэдэу.

● Фэеплъ

Тхьэзэплъ Неллэ и лъэужь нэху

Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм иджыблагъэ щекІуэкІащ фэеплъ зэІущІэ. Ар теухуауэ щытащ егъэджакІуэ нэсу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ Іэзэу, къуажэм дэт курыт школым и унафэщІ Іэкіуэльакіуэу илъэс куэдкІэ лэжьа Тхьэзэплъ Неллэ Мысэд и пхьум. Ар къызэрагъэпэщащ курыт школым и лэжьакІуэхэм. Абы кьедгъэблэгъат Неллэ и анэкьилъхуэу «Литературная Кабардино-Балкария» литературнэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым и редактор нэхъыщхьэ, тхакІуэ цІэрыІуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн, Неллэ и шыпхъуэу Зое, Ритэ, Рае, и бынхэу Анзоррэ Альбинэрэ, нэгъуэщІхэри.

ЗэІУЦІЭР къызэІуихащ школым и унафэщІ **Чыгъэду Динэ**. Ар къызэхуэсахэм яхутепсэльыхьащ езым и егъэджакІуэу щыта Неллэ и гъащІэ купщІафІэм.

- Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм дэт курыт школым и тхыдэм гуимыхуж ІэгупІэу къыжнащ Тхьэзэплъ Неллэ абы щрихьэкІа илъэсхэр. Жьылэм къыдэхуэу щІэблэм гъэсэныгъэ екІу, щІэныгъэ куу ябгъэдэлъу къэгъэтэджыным къаруушхуэ ирихьэлІащ зэфІэкІ ин зыбгъэдэлъа а бзылъхугъэ гуащІафІэм, унафэщІ щыпкъэм, - кІыхьигъэщащ Динэ. - Тхьэзэплъым и гъащІэ псор тыкъ хуиищІащ егъэджэныгъэгъэсэныгъэ Іэнатіэм.

Старэ Шэрэдж къуажэм дэса Тхьэзэплъхэ Мысэдрэ Чэдихьанрэ я унагъэ бынырІым я сабий курытт Неллэ. Зауэ нэужь гъэхъэнэм си сабиигъуэр хиубыда адрей къуажэдэс сабийхэми ещхьу, хъыджэбз цІыкІум пасэу зыхищІащ гуащІэдкІ лэжьыгъэ зищІысыр. УнагъуэмкІэ дэІэпыкъуэгъушхуэ зэрыхъум къыдэкІуэу, Неллэ еджэнми хъарзынэу хэзагъэрт. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеиныгъэ ныбжьыщІэм, нэхъ гъэм хуеІэ къэкІыгъэм хуэдэу, псэкІэ зыщІишэрт егъэджакІуэхэм я дэтхэнэ псалъэ Іущри. Апхуэдэу ар жыджэру хэтт школым щекІуэкІ жьлагъуэ Іэхуэхэмри. Зи пашэ и классэгъуэхэм сыткІи щапхъэ яхуэхъурт, зи унафэщІ еджакІуэ бригадэм лэжьыгъэкІэ къыльэщІыхьэхэр Аруан куэйм дэнэ къэна, республикэмри щымащІэт.

Дыщэ медалкІэ къуажэ школыр къиуха нэужь, Тхьэзэплъыр лъэпощхьэпоунышэу щІэтІысхьащ КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэр щаджу иІэ факультетым. Школым щыщІэсми инджылыбзыбзэм гу хуэзэщІауэ щыта бзылъхугъэ цІыкІум абыкІэ иІэ зэфІэкІым нэхъри хигъэхъуащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Неллэ къыщалъхуа и къуажэм къигъэзэжащ икІи абы дэт мэкъумэш лицейм инджылызбзэр щригъэджу лэжьэн щІидзащ.

1977 гъэм Неллэ унагъуэ ихьащ. Абы псэуэгъу хуэхъуащ Лэскэн ЕтІуанэм щыщ Сомгъур Виктор, а къуажэм дэт курыт школым лэжьэну ящащ. Зи Іэнатіэм гурэ псэкІэ бгъэдэт егъэджакІуэм гу къыльамытэу къэнакъым. Куэд дэмыкІыу Неллэ ягъэуващ школ унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуздзэу, иужькІэ школым и директору. Дзыхь къыхуащІ дэтхэнэ къалэрэн ныкъуасныгъэншэу зэфІэзэныху еса бзылъхугъэ гуащІафІэр и зэманкъуарри щымысхьу, щІэныгъэрэ акъылу бгъэдэлъыр къиГъэсэбэпу школ Іуэхур иригъэфІакІуэну яужь ихьащ. Школ Іуэхуэхэр зэІуб щІыным Неллэ къыщылІащ къуажэдэс нэхъыжьхэри адэ-анэхэри. «Удын зэкІэдзэ нэхъ? - ажьыІэрати, езым и зэфІэкІри нэхъыжьхэм я чэнджащ Іущхэри къигъэсэбэпурэ Іэнатіэр иригъэфІакІуэу хуежьащ унафэщІым.

Апхуэдэ лэжьыгъэфІым школ гъащІэм псэщІэ къыхилъхьэжа хуэдэт. Абы щекІуэкІ хъуащ предмет зэхуэмыдэхэмкІэ зэхьэзэхуэхэр, абыхэм кьаэжаныкІэр куей утыкуэм ихьэурэ увыпІэфІхэри къыщыхьырт. Едэжным кьыкІэрыхуу, хьэл-щэнкІи дагъуэ зыхуащІу щыта школакІуэхэм я бжьыгъэ зэман кІэщІым кІэриубыдэу куэдкІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Балигъхэм сабийхэми хэпщІыкІыу захуэжат - дэнэкІи кьабзэлъабзагъэр щытепщэрт, классхэр къызыхуэтыншэу кьызэрызэрагъэпэщыным дэтхэнэ егъэджакІуэри, зи бын а классхэм щеджэ адэ-анэхэри хущІэкъурт.

Кьэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-м и унафэщІым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэмкІэ и къуздзэу а зэманым лэжьа сэ си нэгу щІэкІащ Тхьэзэплъым иІа Іуэху зехьэкІэ пэрытыр, абы районми республикэми щиІэ пщІэри Іулыджри нэрылъагъут. Неллэ зи унафэщІ школым нэгъуэщІ егъэдэлэжьэн кІикІыурэ директорхэр, егъэджакІуэ щхьэхуэхэр плъакІуэ хуэкІуэрт, абы щекІуэкІ Іуэху зехьэкІэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкІэм кІэлъыплъыну. Дэтхэнэми ахуэгуапэт, ядэІэпыкъуныи хьэзырт Нелли абы и унафэм щІэт гупри. Кьэхъуртэкъым куейм, республикэм олимпиадэ е нэгъуэщІ ныбжьыщІэ зэпеуэ щекІуэкІауэ, Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм дэт курыт школым и гъэсэнхэм бжьыпэр щамыубыд е ахэр пашэхэм щахэмыхуэ. Іуэхущ Іапі эм и зэфІэкІым хэхъуэрт, абы щекІуэкІ гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэми нэхъри ямужьырт.

А лэжьэкІэфІым и хъыбарыр щІыпІэ куэдым щызэІущІысат. Ди республикэм и мызакъуэу урысейпсо утыкуми щалэтырт щапхъэ дахэ зыгъэлъагъуэ къуажэ школым и Іуэхур. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм и кум УФ-м щызэтраублэжауэ щытащ къэралым и нэхъыфІхэр, егъэджакІуэ лажэхэр щагъэнаІуэ зэхьэзэхуэхэр. Тхьэзэплъыр зи унафэщІ еджапІэр гушхуэныгъэ иІэу щекІуэкІ къэралпсо зэпеуэм. Лэжьыгъэ купщІафІэ зи щІыбагъ дэлъ Іуэхущ Іапі эм и зэфІэкІхэр лъагэ дыдэу къыщалъытащ зэхьэзэхуэм. Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм дэт курыт школым къыхуагъэфэщащэу щытащ «Урысей Федерацэм и школ нэхъыфІ» щІэ лъапІэр. Езы Тхьэзэплъ Неллэ къыфащат «УФ-м и къуажэ школым и директор нэхъыфІ» цІэр. Ар екъуІэнІыгъэшхуэт. КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкІыу абы щыгъуэм еджапІэм тыгъэ хущІауэ щытащ «Волга» машинэ псынщІэрэ компьютер класэр.

УнафэщІ щыпкъэм зыпэрыт Іэнатіэр егъэфІакІуэнымкІэ гупсысэщІэхэр, жэрдэмыщІэхэр и куэдт. Ахэр гъащІэм хипщэуэ, абы адэкІи иригъэфІакІуэрт школым щекІуэкІ гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэр. Апхуэдэ екъуІэныгъэхэм папщІэ къыкІэлъыкІуэ илъэсхэм Тхьэзэплъым къыхуагъэфэщауэ щытащ «КъБР-м и егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэхэр, щытхъу, щІыхь тхьилъ куэд.

А псоми фэеплъ зэІущІэм щытепсэльыхьащ илъэс куэдкІэ абы къыщалэжьа егъэджакІуэхэу **Къумахуэ Феликс**, **Елей Иннэ**, **Къагъырмэсхэ Лелэ**, **Зухра**, **Эммэ** сымэ, нэгъуэщІхэри. ИщІамкІэ игу загъэу тІысыж щІыхтэкъым Неллэ. Ар дапщэщи хущІэкъурт зыпэрыт Іэнатіэр нэхъри иригъэфІакІуэну, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэр лъагапІэщІэхэм нигъэсыну. Апхуэдизэ зэфІэкІым къиль хэр псори зыхуэгъэзар и кІуэажэгъуэхэрт, жьылэм кьыдэхъуэ щІэблэрт.

ЗэІущІэм кьыщыпсэльащ Неллэ и анэкъилъхуэхэри. Абыхэм фІыщІэ ин хуащІащ фэеплъ зэІущІэр къызэІущІэгъэпэщащэм. Куэдым иджыри къэс ямыщІа нэгъуэщІ зэчий хьэлэмэти хэлът Неллэ. Абы и шыпхъу Рае зэрыжиІамкІэ, Неллэ уэз тхьымэ хуэжейуэ щытакъым. Абы и кІалэмыпэм кІыпыкІа усэхэм ящыщ зым зэхуэсым къыщеджащ егъэджакІуэ Къумахуэ Замирэ. Тхьэзэплъым и гъащІэ купщІафІэм теухуат Мэремыкъуэ Валентинэ езым зэхилъхьауэ къызэджа усэри.

И мурадхэмрэ гурыІуэхэмрэ я гъунэ ириІа къудейуэ арат Тхьэзэплъым... Абыхэм ящыщ куэд нэрылъагъу ищІыну ар хунэсакъым. Зи къаруу илъэсыгъэ, зи псэугъуэ бзылъхугъэ гуащІафІэм уз бзаджэ къеуэпІащ икІи куэдз мысымаджэу 2001 гъэм и гъатхэм дунейм ехьжащ...

Илъэс 15 дэкІащ абы лъандэрэ. Зэманыр кІуами, цІыхухэм ящыгъупщакъым Тхьэзэплъ Неллэ, зи гупсысэкІэ, Іуэху зехьэкІэкІэ, дуней еплъыкІэкІэ куэдым къахэщхьэхукІыу псэуа лэжьакІуэшхуэр. Аращ Неллэ и цІэр, и фэеплъыр цІыхугъэ, жылагъуэ гупсысэм иджыри щІихьумэр. Апхуэдэхэм я лъэужь нэхур куэдрэ хэгъуащкъым.

ТАМБИЙ Линэ.

● Мазэ лъапІэ

Алыхьыр къызэрытхуэупсафІыгъуэ

Алыхь лъапІэм и пщылІхэм къабгъэдилъхьа фІыгъуэшхуэхэм ящыщ Рэмэдан мазэ лъапІэу лъэІур къабыл щыхьыр.

МАЗЭУ щыІэм я нэхъ лъапІэщ Рэмэданыр. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, мы гъэм ар мэкъуауэгъуэм и 6-м кІохьэ (мазэр къыщыунэхум елъытауэ зэхъуэкІыныгъэ иІэнкІэ хъунущ). КъурІэн лъапІэми хьдисхэми щыгъуазэ дыззэращІащи, а мазэр адрей псом ялейиц, сыту жыпІэмэ, КъыдзР жэщ лъапІэр зыхэтщ ар. Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: «Уа, Іиман къэзыхьахэ! Фэ нэщІыр къыфтрилъхьащ, фи ятІонэрэ ихатхэми хуэдзу. Рэмэдан мазэм КъурІэн лъапІэр зыхэтщ ар. Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: «Іэдэм и бын псоми фы ялэжьыр зыхуалэжьыр я щхьэрщ, нэщІым къищынэмыщІа. НэщІыр щІалыгъыр Сэращи, абы къыпэкІуэр Сэ естыжьынущ».

Алыхьыр къызэрыддэІэпыкъунум шэч къытезымыхьэу Рэмэдан мазэм Тхьэм хуэпщылІым и лъэІур хъунущ, и гуэныхьхэри къыхуэгъунущ. А мазэ лъапІэм Алыхьыр пщцэзыгъэгъупщэ, гур зыгъэпІейтей псоми ялэІэщІэ зыщІыкІ хуейщ. Хэщхьэжыр къэса нэужь, цІыхум кІехьэлъэкІыкІи ших хъунукъым, ари Тхьэм фІэмыфІ Іэхуэгъуэхэм ящыщщ.

Тэрауихь нэмэзыр щІыным псапэ лей пылъщ. Ар мэжджытым щыщІыкІи хуейщ, ауэ унэм щыпщІми хъунущ. Ар рэкхьэт тІощІ мэхъу, рэкхьэтитІ къэс сэлам ят.

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Нэхъ дахэхэм хабжэ

Париж дэт мэжджытышхуэр дуней псом щынэхъ дахэ дыдэхэм хабжэ. Ялэ дунейпсо зауэм и лъэхъэнэм Франджыр нэмыцІэ зэрыпхъуакІуэхэм къалэщІэгъэкІыжьным щІэзэуэ муслъымэнхэм 1926 гъэм а мэжджытыр яхуищІащ а къэралым и президенту абы щыгъуэм щыта Думергр Гастон. Ар къыщызэІуахам, къэрал Іэтащхьэри мэжджытым щІэсу, абы ялэу нэмэз щригъэщІащ Алжирым я раис-Іимам, дин щІэныгъэлІ Аль-Алауи Ахьмэд.

Тхьэм щелъэІу мы уардэунэр нобэр къыздэсым къэщІэрэщІэж зэпытщ. Абы и азэн джалІэхэм я лъагагъщ метр 33-рэ, и кІуэцІхэр КъурІэным и ІэятхэмкІэ тхащ. А мэжджыт абрагъуэм хэтщ нэмэз щащІ пэшышхуэхэр, мыдрисэ, конференц-зал, библиотекэ, ресторан, шей ефапІэ, хьэмэм, тыкуэнхэр.

● Хьэдисхэр

Тхьэр арэзы зыхуэхъунур

●Мухьэмэд бегъымбарым жиІащ: «ВжесІэн, жьыхьэнмэ мафІэм пэІэщІэ фызыщІынухэр?» «Сыт, ЛІыкІуэ лъапІэ?», - щІэупщІащ асхьаберэр. «ЖьыхьэнмэрэІ ящыгъуэ нукъым цІыхум и псэм пэгъунэгъуэм, гущІэгъу адрейм хуэзыщІым, уи гур уГІыпщауэ, умыгузавэу уэзпсэльэф цІыху щабэхэм», - жуэап итащ ЛІыкІуэм.

●Алыхьыр арэзы хуэхъунущ, шха нэужь, е псы ефа нэужь, Тхьэм фІыщІэ хуэзыщІхэм.

●Алыхьымрэ Къемэт мазэмкІэ Іиман зиІэхэм я хьэщІэхэр ирагъашхэ!

●Уа, Алыхьыр си фІыщ хъуахэ! ГъунэгъуМ къыфхуищІ тыгъэхэм фельэпауэ хъунукъым, ар мэлъакъуэ фІэкІа мыхъуу цІытми.

●Шэн хэлъкъым, Алыхьыр зэрыхьэлэлым, хьэлэлхэри фІыуэ зэрильагъум, апхуэдэхэм яхуэфащэри зэрабгъэдилъхьэжьм.

●Тхьэм хэпщІыпІыну нузыр зыщІар хурепщыпІ. Абы и жьІэм ебэкъуэну мурад зыщІам ар ирегъэзащІэ.

●ФхуэзофІэкІын фІэкІа фи пщэ дэмыльхьэж. И кІэм нэвгъэс Іуэхугъуэфі псом щхьэжьи Тхьэр емыгъэшу абы къыпэкІуэ фІыгъуэр фхуэтх.

● Хьэлэмэтщ

Гужьеигъуэм къару лей къыпхелъхьэ

Индием щыпсэу, илъэс 13-м ит муслъымэн хъыджэбз щІыкІу Назие лІыгъэ хэлъу къриГъэлащ щІэпхъаджащІэхэм ирахьжьа, илъэсихым ит сабийр.

МОТОЦИКЛЫМ тесу жэ щІалитІыр къуувыІэу, джэгуу щыс сабийр къапхъуатэу щрахьжьэм, шынэ имыщІэжу Назие бзаджащІэхэм якІэлъыщІэпхъащ. Ар абыхэм ялъэщІыхьэри, сабийр къалэщІипхъуэтыжащ.

ЩІэпхъаджащІэхэр щтэІэщтаблэ хъури щІэпхъуэжахэщ. Назие полицэм псалъэри, сабийр узынщэу и адэ-анэм яІэрыхьэжащ.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Адыгэ жьэгум и дэп мыужьыхыу Къэгъуэгурыкіуэ, анэдэлъхубзэ!

Бзэр лъэпкъым и фІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэхэм ящыщщ. Ди анэдэлъхубзэм и пщІэр нэхъри къэІэтынымкІэ, балигъми сабиими абы хуащІ гупытэм хагъэхъуэнымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ илъэс 15-м щІигъууэ ди республикэм щекІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм. Лъэпкъым и тхыдэм, и Іуэрыіуатэм, и литературэм, и бзэм, и хабзэм щІэблэр деГъэхьэхьныимкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІ зэпеуэр езыгъэкІуэкІхэм. А фестиваль-зэпеуэ хьэлэмэтым, купщІафІэм 2016 гъэм кърикІуахэр наІуэ щащІ, абы щытекІуахэр, къыхэжаныкІахэр щагъэлъапІэ гуфІэгъуэ зэІущІэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Аруан щыналъэм и къалащхьэ Нарткъалэ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынци, зэпеуэр «Адыгэ псалъэ» газетым 1999 гъэм къыхилъхьауэ щытащ. Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиІэ аІуэхудахэрдаІыгъащ КъБР-м ЕГъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэрэ я Іуэхухэмкіэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ унэ», «Тхыль» тыкуэнхэм, нэгъуэщІ къэралыгъуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. Абы и къалэн нэхъыщхьэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм къыхьихьэ Іэмалыщ Іэхэм тету анэдэлъхубзэр егъэджэныимкІэ бгъэдыхьэкІэщІэхэр къэгъэнэжнырщ, Іэзагъ ин яхэлъу ахэр зи лэжьыгъэм хэзыпщэф курыт школхэр, сабий Іуэхущ Іапі эхэр, егъэджакІуэхэр, гъэсакІуэхэр гъэпэжэнырщ, абыхэм я зэфІэкІым псори щыгъэгъуэзэнырщ, еджакІуэ зэчиифІэхэр гъэгушхуэнырщ. Апхуэдэу (уеблэмэ ар къалэн псоми я щхьэу къыщІэкІынкІ) зи анэдэлъхубзэм хуэфащэн гульытэ хуэзымыщІ дэтхэнэри зыщІэгъэгупсысыжьынырщ, къытщІэхьуэ щІэблэм адыгабзэр яІурылъу, лъэпкъ тхыдэр, хабзэр ящІэу, щэнхабзэм хащІыкІыу, ахэр екІуу эзрахьэу къэгъэтэджынырщ.

Республикэпсо махуэшхуэм и жьпхъэм ИтУ къэрагъэпщат гуфІэгъуэ зэхуэсыр. Іуэхур щекІуэкІ «Планета» кинотеатрым и щІыхьэпІэм деж хьэщІэ лъапІэхэр щрагъблэгъащ Аруан щыналъэм и администрацэм и тхьэмадэ **Куэшей Аэзмэт**, абы и къуэдзэ **Щоджэн Риммэ**, щыпІэ самоуправленэм и советым и унафэщІ **КІущ Валерэ**, егъэджэныгъэмкІэ районым Іэнатіэм и Іэтащхьэ **АфІэунэ Мухьэдин** сымэ зи пашэ хэгъэрейхэм.

Пщіэ зыхуащІу хьэщІагъэ лъагэ зрахэкм яхэтт Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, зэпеуэм и жэрдэмщІакІуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор и къэхьщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ЬхьэфІыцІэ Мухьэмэд**, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуэлэм я Іуэхуэхэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Инжьджокъуэ Сэфарбий**, а министерствэм лъэпкъбзэхэр егъэджэныимкІэ и кІудамэм и унафэщІ **Табыщ Мурат**, Іэнатіэм и Іэщ Іагъэпіэхэр, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблым и унафэщІ **Атэбий Игорь**, Щоджэнцікіу Алий и цІэкІэ щыІэ псапащІэ фондым и тхьэмадэ **ЩоджэнцІыкІу Леонид**, «Эльбрусоид» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ **Анаев Марат**, нэгъуэщІ къэрал Іуэхущ Іапі эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, республикэм и кІалэ, район администрацэхэм я лІыкІуэхэр, зэпеуэм щытекІуа, абы жьыдэжру хэта сабий садхэм, курыт школхэм я унафэщІхэр, гъэсакІуэ пэрытхэр, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэ Іэзэхэр, ныбжьыщІэ зэчиифІэхэр, нэгъуэщІхэм. Адыгэ фащэхэр ящыгъуу, махъсымэ фальэр яІэщІэту абыхэм фІэхъус сэлам гуапэрэ адыгэ джэгукІэ кІуалІэщІащ ныбжьыщІэхэр. ИужькІэ хьэщІэхэм щыгъуазэ зыхуащІащ кинотеатрым и пэлъщІэм къыщызэрагъэпэща гъэлъэгуэныгъэ хьэлэмэтым. Абы щыпльагъунут нэхьапэм адыгэхэм къагъэсэлэту щыта хьэпшыпІэхэр, ди адэжьхэм я псэукІар къэзыгъэлъагуэу пщІантІэ цІыкІыр, адыгэ лъэпкъхэм я дамыгъэхэр, «щІэныгъэм и къигъэхъуапІэ» тхьлъ псыкъуийр, нэгъуэщІ гъэщІэгъуэн куэди. А псори хьэщІэхэм папщІэ ягъэхьэзырат мыгъэрей «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щытекІуа псыгуэнсудэс нэхъыжьыфІхэм, егъэджакІуэхэм, ныбжьыщІэхэм.

Гъэлъэгъуэныгъуэ купщІафІэр гунэс зыщыхъуа хьэщІэхэри бысымхэри адэкІэ ирагъэблагъащ «Планета»-м и пэшышхуэм. Ар нэсу, къызыхуэтыншэу хуэщІат махуэщхуэм. Ди Іуащхьэмахуэ и теплъэ уардэр, ди губгъуэ хуитхэмрэ тафэшхуэхэмрэ къызэрыщ плакатым дыщэпскІэ тхауэ къыхэлыдыкІырт «Си бзэ - си псэ, си дуней!» псалъэхэр. Ар сценэм и блын псом хуэкІуэу щышэщІат. Дэнэкіи щыпльагъурт «Си сыдыгэщ, ар ину жьэдэІ», «Анэдэлъхубзэ, адыгэ жьабзэ, Уэдэщмыльэ сыщремыІі», «Фарэщи, адыгагъэм фемыІуэсэ, ар псэунщ, бэуэркІэ зы адыгэ!», «Утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикІыжьир напэщІ!», «ФифІ фымыгъэпуд, фи Іей фымыгъэпщкІу!», «Хабзэр лъэпкъым и набдзэщ» - хэкупсэ къыхуеджэныгъэхэр, щыхэшкуэхэм я псатІэхэу «Щыуум уэрРыщыгуГъ хъунур кърипщІэфынущ ар и анэдэлъхубзэм зэрыхуащытымкІэ», «Уи Хэкур фІыуэ пхуэлъагъунукъым, уи анэдэлъхубзэр фІыуэ умыльагъуу», «Си бзэм ельэпауэр уи псэми ельэпэуэфынущ», «Бзэмрэ псэмрэ зэтохуэ», «Бзэр зей лъэпхъым и тхьдэщ», «Бзэр зыужьмыІэгъэм ухуэзышэ Іуэгущ» жьхуиІэхэр. А псом гур хагъахьыэрт, адыгэр зэрыпсэум щыхьэт техъуэу, анэдэлъхубзэр лъэпкъыр зэрыщыІэм и нэщэнэ нэхъыщхьэу зэрыщытым иджыри зэ урагъэгупсысу.

Анэдэлъхубзэм и махуэшхуэр къызэІуахащ икІи ирагъэкІуэкІащ адыгабзэр зи псэм хэлъ журналистхэу **Мыз Залинэрэ Къатей МуІэедрэ**. Къызэхуэсахэм бзищымкІи: адыгабзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ, урысыбзэкІэ - сэлам гуапэ ираха нэужь, ахэр кІэщІу къытеувыІащ гуфІэгъуэ зэхьхьэр зытещІыхьам. Къыкіэлъыкіуэу утыкур хуит хуащІащ Нарткъалэ щыщ «Нартшыр» сабий къэфакІуэ ансамблым. Адыгэ къафэр екІуу яГъэзэщІащ ныбжьыщІэхэм, зэхуэсым къырихьэлІа псоми я гукъыдэжкІр къалэту.

Адэкіэ псалъэ ираташ Аруан щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ **Куэшей Аэзмэт**. Ар къызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ анэдэлъхубзэр хьумэным, ар егъэфІэкІуэным, хьумэным хуэгъэпса зэхьхьэныимкІэ.

- Си гуапэу фыкъызэсхьэблагъэ тхыдэ дахэ зиІэ ди Аруан щыналъэм. СыщогуфІыкІ икІи сропагъ мыпхуэдэ лъэпкъпсо Іуэхушхуэ Нарткъалэ къызэрыщызэрагъэпэщам. Илъэс 17 ландзэрэ екІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм зыбжанэрэ хэтащ ди щыналъэм хьихэ жылэхэм дэт курыт школхэр, сабий садхэр, ехъулІэныгъэфІхэр, текІуэныгъэ инхэр къыщацхьу. Мис, аргуэру текІуэныгъэр къыхуагъэфэщащ Псыгуэнсу дэт курыт школ №91-м. Абы и фІыгъэщ нобэрей зэхуэсыр ди деж зэрыщекІуэкІыр, - жиІащ Куэшейм. - «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм зыхуэгъэхьэзырыныр, абы екІуу хэтыныр иджы школ Іуэху къудейкъым, атІэ ар мэхъу жылэпсо къэхъукъащІэр, егъэджакІуэхэри еджакІуэхэри, сабийхэри балигъхэри, унэгуащэхэри нэхъыжьыфІхэри къыхэщІыбыдэу. Абы и щапхъэтэкъэ дапщэхэр. Ипэжьпіэкіэ ар хъуат бзэм и мызакъуэу, адыгэпсэм, адыгэ дунейм я махуэшхуэ.

Мыгъэрей зэпеуэм щытекІуа, къыхэжаныкІа школакІуэхэм щыхь, фІыщІэ, щытхъу тхылъхэр Куэшейм ираташ Іэгуэу иным щІэту. Зэпеуэм щытекІуахэм яхэтащ Іуф Иннэ (гимназие №6, Прохладнэ къалэ), Щхьэгъэпсо Дианэ (курыт школ, Аушыджэр къуажэ), Маргъуцу Миланэ, Къущхьэ Анзор, Жолдащ Іэсият, ЛІыуасэ Элинэ сымэ (курыт школ №1, Дзэлыкъуэкъуажэ), ШыдакІэ Зэремэ (курыт школ №1, Инарыкъуей къуажэ), Джэрыджэ Дианэ (гимназие №14, Налшык къалэ), КъуэщІыскъуэ Миланэ (курыт школ №1, Къулъкъужьи къуажэ), Іэпщацэ Исльамрэ Былымгъуэт Азэмэтрэ (кадет школ-интернат №1), АбытІэ Дианэ (курыт школ №32, Налшык къалэ), Къанкъуй Алихъан (курыт школ, Къамылыкъуэ къуажэ), Уэзрокъуэ Зэремэ (курыт школ №1, Къэрэгъэш къуажэ), нэгъуэщІхэри. Абы и лауреат хъуащ Бжьахъуэ ФатІимэрэ Куп Алинэрэ (курыт школ №1, Дзэлыкъуэкъуажэ), Шэджэм Миланэ (курыт школ №1, Нартан къуажэ), Тхьэгъэлэдж Лауритэ (курыт школ №2, Жэмтхьэлэ къуажэ), ГъущІо Іэминэ (курыт школ №1, Шэджэм ЕтІуанэ къуажэ), Курдыгъу Мариерэ МамыщІокъуэ Лианэрэ (курыт школ, Псыншокъуэ къуажэ), нэгъуэщІхэри.

А ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм къакІэлъыкІуэу утыкум кърагъэблагъащ **Инжьджокъуэ Сэфарбий**. КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуэлэм я Іуэхуэмкіэ и министр Іуэ Нини езыми къабгъэдэкІыу ар гуапэу ехъуэхъуащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм щытекІуахэмрэ къыхэжаныкІахэмрэ, нобэрей зэІущІэм и хьэщІэхэм, ар къызэзыгъэпэщащхэмрэ езыгъэжьІуэжьхэмрэ.

- Анэдэлъхубзэр езыгъэджэжм я пщэм къалэныщхьэу къыдохуэ: абыхэм бзэм и хабзэхэр, литературэм и тхыгъэхэмрэ абы и теориемрэ сабийжэм ирагъэдж къудейкъым, атІэ абыхэм елъытащ къытщІэхьуэ щІэблэр ди лъэпкъ тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм щыгъуазэу къэтэджыныр, ахэр хэкупсэ нэсу къэхъуныр, - къыхигъэщащ абы. - Си гуапэщ а Іуэхугъуэхэм гурэ псэкІэ елІалІэ егъэджакІуэ куэд дызэриІэр.

КъБР-м ЕГъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуэлэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр Инжьджокъуэм яритащ республикэм и курыт школхэу хуэкупсэ гъэсэныгъэфІ щекІуэкІхэм я унафэщІхэм. Ягъэу апхуэдэ пщІэ хуащІащ мыгъэрей фестиваль-зэпеуэм адыгабзэкІэ екІуэкІа и Іыхьэм щытекІуа, Аруан щыналъэм хьихьэ Псыгуэнсу къуажэм дэт курыт школ №1-м и унафэщІ Бесэр Мадинэ. Министерствэм и щІыхь Іыхьлъхэр иджыри ираташ Урыкъ къуажэм дэт курыт школ №2-м и унафэщІ Щоджэн Мартуз, Хьэмидей къуажэм дэт курыт школым и унафэщІ Джэдгъэф Лизэ, Налшык дэт гимназие №1-м и унафэщІ Уэрдокъуэ Лидэ, Бжьэрэгъэш къуажэм дэт курыт школым и унафэщІ Нэфонэ Заур, Налшык дэт прогимназие №65-м и унафэщІ Багъэтэф Ларисэ, нэгъуэщІхэми.

Зэхуэсым щагъэлъэпІащ анэдэлъхубзэкІэ урок купщІафІэхэр зыта егъэджакІуэхэри. Абыхэм екъуэхъуащ икІи Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм къабгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр, сауГъэт гъэпІэжаг егъэджакІуэхэм ираты жащ **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ ЬхьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ**, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІым и къуэдзэ **Шаваевэ Разиятрэ** Лэскэн район адміністрацэм и Іэтащхьэ **АфІэунэ Аслъэнрэ**, нэгъуэщІхэми.

- ФІыщІэ ин яхуэощІ зи бынхэм анэдэлъхубзэр яІурылъу къэзыгъэтэдж адэанэхэм. Хуабжьу сахуэарэзыщ анэдэлъхубзэр, лъэпкъ хабзэмрэ тхыдэмрэ ди щІэблэм ящІэным хуэлажьэ егъэджакІуэ гумызагъэхэм. Си фІэщ мэхъу адыгабзэзр, ар зыІурылъ лъэпкъ уардэр мыкІуэдыжу иращІэкІи дунейм зэрытетынур, - къыхигъэщащ Сэхъурокъуэм.

Абы и псалъэм пищэу зэхуэсым къыщыпсэльащ Хьэфіыціэ Мухьэмэд. Ар къытеувыІащ зэпеуэм къикІуа гъэугъаноІ кІыхьым икІи купщІафІэм.

- Анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ адэжи зегъэужьныр, а лъэпкъ хъугъэфІыгъуэхэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхьумэныр, бзэр курыт школхэм зэрыщаджыр егъэфІэкІуэныр, апхуэдэуи а Іуэхуэхэм хуэлажьэ егъэджакІуэ нэхъыфІхэр гъэпэжэныр, еджакІуэ зэчиифІэхэр гъэгушхуэныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыт мы зэпеуэр 1999 гъэм къыхилъхьауэ щытащ «Адыгэ псалъэ» газетым. Лъэпкъ зыужьыныгъэм хуэлажьэна хуэгъэпса проектыр жыдэру къыдАІыгъащ КъБР-м ЕГъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщІ къэрал Іуэхущ Іапі эхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, - жиІащ Мухьэмэд. - Гъэзугуанэ дахэ къикІуащ зэпеуэм. Нэхъапэм зэхьэзэхуэм и утыку къихьэу щытар адыгабзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэрэ щытарэ литературэмрэ зэпеуэм щэхэзэхуэу щытащ. Зэпеуэр нэсащ ди лъэпкъзэгъуэр щыпсэу хамэ къэралхэми. Ар фІыгъуэшхуэщ. Бзэращ лъэпкъым и псэр. Лъэпкъыр лъэ быдэкІэ увынир, абы и тхыдэм, гъуэзджэм, щэнхабзэм зауЖьынир, цІыхухэм я зэхэщІыкІым зиузэщІыныр зэпытар бзэм и къэрурщ. Іуэху щхьэпэхэр нобэ зэфІэзыгъэкІ зэпеуэм нэхъыбжькІи дыщогугъ, абы и къэкІуэнур зэрыдахэр, и гъащІэр зэрыкІыхьыр ди фІэщ мэхъу.

«Дерс нэхъыфІ дыдэ» унэтІыныгъэмкІэ пашэ хьуахэм ящыщщ егъэджакІуэ Іэзэхэу Зэщэкіуу Маринэ (Псыгуэнсу, курыт школ №3І), АфІэунэ Тае (Урыкъ къуажэ, курыт школ №92), ФокІыщІэ Майе (Хьэмидей къуажэм дэт курыт школ), Шал Марьянэ (Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт школ), Къарэнашэ Афризэ (Налшык, прогимназие №65), Махуэ Маринэ (Налшык, гимназие №1), нэгъуэщІхэри. Методикэ гъэмыІуэ щрагъакІуэкІыу къызэралъытам и щыхьэту щыхьэ тхылъ ираташ ЖыкъуЗ Аксанэ (Псыгуэнсу, курыт школ №1).

«КлассщІыб зэІущІэ нэхъыфІ дыдэ» зыгъэхьэзырахэри, «АнэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэ нэхъыфІу» кьалъытахэри, «Сыту тепІыщэж мы дунейр» унэтІыныгъэм пашэ щыхьуахэри щагъэлъэпІащ зэхуэсым. Абыхэм ехъуэхъуащ икІи щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр, сауГъэтхэр ираташ **Табыщ Мурат, Атэбий Игорь, ЩоджэнцІыкІу Леонид, Анаев Марат** сымэ. Зи цІэ къраІуа егъэджакІуэхэм ящыщщ Балъкъыз Аксиян, Темырхъан Раисэ, Къущхьэ Людмилэ, Кьанкъул Олеся сымэ (Псыгуэнсу, курыт школ №1), Тэнащ Маритэ, Мэрзей Зое, ЛІыхъугу Зое сымэ (Урыкъ къуажэ, курыт школ №92), ЩхьэмпІыкъ Ритэ (Къэрэгъэш къуажэм дэт курыт школ), Быкъуей Маринэ (Налшык, курыт школ №4), ПъэнкІэпашэ ФатІимэ (Малкэ къуажэ, курыт школ №1), Бей Маринэ (Къармэхьэблэ къуажэ, курыт школ №1), Щомахуэ Дуся (Тамбовскэ къуажэм дэт курыт школ), Батыр Оксанэ (Къэрэгъэш къуажэ, курыт школ №92), Хьуран Заирэт (Лесное къуажэм дэт курыт школ), нэгъуэщІхэри.

Аруан районым щыІэпІэ самоуправленэмкІэ и советым и тхьэмадэ **КІущ Валерэрэ** егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и унафэщІ **АфІэунэ Мухьэдинрэ** гуапэу ехъуэхъуащ я щІыналъэм и цІэр фІыкІэ зыгъэІуа, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэ-фестивалым мы гъэм щытекІуа Псыгуэнсу дэт курыт школ №1-м и лэжьакІуэхэм, абыхэм сэбэп яхуэхъуа къуажэдэсхэм. Апхуэдэхэт егъэджакІуэхэу Безыр Мадинэ, Уэртэбей Антисэ, КІущ Люсенэ сымэ, КъБР-м ЕГъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуэлэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и лэжьакІуэ, журналист Мыз Залинэ, «Диметро» ООО-м и унафэщІ Шэрыпіужь Аслъэн, УФ-м и Пенсэ фондым КъБР-м щиІэ Іуэхущ Іапі эм и къудамэм и пашэ Црым Аслъэн сымэ. Ахэр Іэгуэушхуэм щІэту утыкум кърашащ икІи щІыпІэ адміністрацэмрэ егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэмрэ къабгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр, сауГъэтхэр ираташ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэр къыззгъэпэщыным, ар къызыхуэтыншэу егъэкІуэкІыным лэжьыгъэшхуэ ирахьэІащ абы и къэпщытакІуэ гупым хэтхэм. Ахэри, зи чэнджэщ, гуащІэ зэпеуэм хэзыльхьа жылагъуэ лІыкІуэхэри, нэгъуэщІ хэкупсэхэри гупытэншэ щащІа къым гуфІэгъуэ зэхуэсым. Апхуэдэхэт Багъ Марьям, Бекъан Масирэт, Инчы Иринэ, Къардэн Олеся, Щоджэн Іэминат, Хьуэт ФатІимэ, Гугъуэтыж Марат, Нэкіащэ Валентин, Чэрим Артём сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм ираташ КъБР-м ЕГъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуэлэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр.

ГуфІэгъуэр яГъэдэхащ артист щІалэхэу Уэзрокъуэ Чэрим, Тхьэзэплъ Залинэ сымэ, «Нартшыр», «Вдохновение» къэфакІуэ гупхэм, республикэм и районхэм къикІа еджакІуэхэм, сабий садхэм я гъэсэн щІыкІуэхэм яГъэзэщІа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ, тепльэгъуэ щІыкІуэхэмрэ гъэльэгъуэныгъэ купщІафІэхэмрэ. Апхуэдэу гуп къэси псоми зэгъусэуи фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхащ.

ГуфІэгъуэ зэхуэсым щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм, абы и утыку къраша егъэджакІуэхэмра еджакІуэ щІыкІуэхэмра уахэплъэмэ, уи фІэщ хъурт адыгэ усакІуэ щІэрыІуэ Биуэ Анатолэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд хуитхауэ щыта «Си анэдэлъхубзэ» усэм и сатырхэр зэрыпэжыр:

Си анэдэлъхубзэу си псэ,
Си анэдэлъхубзэу си нэ,
...Си анэдэлъхубзэу щыпхъ,
Уэ ущхьэщыхьакъым нэпкъым!

Нэгумэ Шорэ илъэси 180-рэ ипэкІэ зыщІэхъуэпса щІэблэр, «анэдэлъхубзэм хуиІэ лъагъуныгъэр къыдэзыгуэшыныр», иужь къызэрихьуари нэрылъагъут. Аращ лъэпкъ усакІуэ щэджащэ Бемырзэ Мухьэдини ди адыгэбзэм зэрыхуэупсари:

Си лъэпкъым щІэблэ къыщІэхъуам
Насып вагъуэбзу ужьхэпсэу,
Я нэхъ тхьэмыщкІэ ар щыхъуам
Урелэ уэ, си адыгэбзэ!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5,ебгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетым 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.076
Заказ №692